No. 40 3 October 1930 Taoen 10.

RAGAD ADVERTENTIE:
Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.
Advertentie limrah: f 0,15 sagaris: (apes: f 1.25). Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:
A. DJAJASEPOETRA.
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN
SWARA TAMA

1 taoen . . .	f 6,—	njoewoen kabajar roemijin.
1/2 „	f 3,—	
3 woelan . .	f 1,50	

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**
IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA.
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

— WARA - WARA. —

—Minggoe poenika Administratie ngatoeraken wissel tagihan. Énggal koela atoeri netepi wadjib. Sadèrèk ingkang roemaos sampoen mbajar sah, mangka katoet ketagih, sampoen dados panggalih! Manawi wonten roeweting tagihan, miterang dateng Adm.!

—Manawi pandjenengan pindah, énggal kintoen serat dateng Administratie.

—Sampoen kesoepèn mratélakaken nomer lengganan.

Administratie.

ISINIPOEN:

Lembaran 1.
Wara-wara saking Redactie— Moendoeripoen Goena - Krida Djawi — Ingkang kagoengan wadjib moegi manggaliha—Jèn kapaèloe, saé dadosipoen — Dongèng — Njambeti satemboeng, kalih temboeng — Pakabaran — Jèn gagasan koela — Primbon Nationaal — Ontjèn sekar gambir melati — Oerap-sari — Correspondentie.
Lembaran 2.
Andjoendjoeng bangsa — Sadaja ingkang maédahi sampoen ngantos itjal kasilep — Bezuiniging — Sinten neda lombok djempling, andjempling — Pilihan loerah doesoen — Sajoembara — Klatèn — Poerwaredja — Saking Bodjanegara.

GOENA - KRIDA.

MOENDOERIPOEN GOENA-KRIDA DJAWI.

(Verval der Jav. kunstnijverheid). Sambetipoen Sw. Tm. No. 39.

Oepami pandjenengan mirengaken andar sabdaning Njonjah Resink-Wilkens pijambak, mbokmanawi ladjeng kraos mak pendekel, lan keraos - raos kanti semplah sarta ngoenandika ing batos: „Hem, dadi kagoenan-krida Djawi ki wis mlorot nganti semono!" mBokmanawi pasambat pandjenengan dados kelara-lara, prasasat sampoen boten kénging dipoeneneng-enengi. Éwasamanten meksa taksih wonten ingkang *moeroegaken andjenggèlèk lan gregoed toemandang.* Inggih poenika:

Sapisanipoen: kados ingkang kaseboet ing nginggil, sapoenika sampoen wonten pakempalan - pakempalan atoedjoe andjoendjoeng goena - krida kaplorot waoe. Lan angsal - angsalanipoen teka kénging kawastanan sampoen andadosaken mareming manah. Lah poenika rak dados tanda, jèn *bangsa kita Djawi djanipoen taksih katjonggah ngedalaken barang pèni-pèni lan èdi-èdi;* namoeng kémawon nélakaken oegi, jèn betah banton wragad oetawi pitoentoen. Poenapa poenika njemplahaken badan? Poenapa malah boten kosok - wangsoelipoen? Inggih poenika: nenangi, soepados wontena banton wragad oetawi pitoentoen?

Kaping kalihipoen: oepaminipoen ing kedjawèn, kados *taksih wonten ingkang remen nganggé, lan sapoenikanipoen inggih nganggé oegi bekakas - bekakas pèni - pèni* kados djaman roemijin. Jèn pandjenengan badé karsa mriksani poenika, tindaka dateng sad. Djawi, ingkang asring dipoenwastani „kaoem kolot" (hem!), nanging tindakipoen waoe sampoen kados toewan - toewan. Awit jèn makaten, anggènipoen nampèni sasaged - saged badé tjara toewan - toewan. Woesana tjèrèt adepan, ketjohan, gantènan lss. sami dipoendelikaken poenika rak dédé bekakas kanggé toewan - toewan ta?!

Saking pamanggihipoen Njonjah Resink-Wilkens moerid-moerid ing pamoelangan Djw. kawoelanga pandamelan tangan, soepados goena-krida waoe sageda énggal moemboel.

Lo kados-poendi tegesipoen poenika? Poenapa karsanipoen ing pamoelangan Djawi *sadaja* tanpa pilih?

Jèn karsanipoen waoe namoeng margi menggalih makaten: *„sapa sing ndjaloek akèh, ikoe adaté moeng olèh satitik;"* kados pantes dipoentjondongi sanget.

Nanging jèn karsanipoen waoe pamoelangan Djawi *sadaja tanpa pilih-pilih,* kados boten mokal manawi wonten ingkang godjag-gadjeg, malah doemoegi boten saged njondongi. Djalaranipoen: kados kirang prijogi, manawi moerid-moerid sadaja kadadosna kemasan, sajang, toekang ngoekir, toekang natah, toekang nenoen lss., tjekakipoen: ingkang béndjingipoen saged nindakaken goena - krida. Lah sapoenika kotjapa: soepados saged nindakaken kados mestinipoen, poenika ing sewaoe rak kedah anggadahi dedasar (talent, aanleg); kang mangka kados boten saben laré anggadahi dedasar waoe. Lan malih: ing djaman sapoenika kados katah pendamelan sanès ingkang kedah dipoentindakaken, kedjawi goena-krida; kadosta: dagang, djoeroe serat, ngoesiri montor, nglampahaken endas-endasan sepoer lss. Tijang sedaja waoe rak boten soesah gadah sesagedan olah goena-krida.

Namoeng kémawon jèn karsanipoen Njonjah Resink-Wilkens waoe, soepados *para moerid - moerid kagoelanga saged ngaosi dateng bekakas pèni - pèni lan èdi - èdi tjara Djawi,* poenika pantes dipoentjotjogi babar pisan. Sebab remen dateng saé-saé lan èdi-èdi, poenika sampoen dados wewateking manoengsa. Inggih leres watek waoe asring boten ketawis, margi boten naté kagepok, kasroewé oetawi tinarboeka; éwasamanten boten kénging kawastanan boten wonten. Malah jèn katamataken, watak waoe boten kénging kapekak babar pisan, nanging kala-kala kedah ladjeng mentjoengoel. Dados nenangi remen dateng sroewa saé lan èdi poenika boten nama mokal lan sok tijanga saged sarta kénging dipoentetangi.

Namoeng *weling koela:* moegi anggènipoen dipoentetangi waoe datenga pèni - pèni toewin èdi - èdi *sedjati,* soepados béndjingipoen sageda toeloes djoedjoer anggènipoen remen dateng sroewa saé (een gezonde smaak hebben).

Jèn nenangi kesenengan dateng sroewa saé waoe katindakaken kados makaten kados ladjeng nama boten namoeng saged lan kénging kémawon, nanging malah presasat wadjib; djalaran remen dateng sroewa èdi kanti djoedjoer poenika klebet dateng babagan tindak-tandoek aloes (beschaving; cultuur).—

Kadjawi poenika taksih wonten goenanipoen ingkang boten kénging kasepèlèkaken. Inggih poenika: samangsa para moerid kalantih remen dateng sroewa pèni, béndjingipoen jèn sampoen bawa pijambak rak ladjeng ingkang dipoensenengi namoeng bekakas-bekakas ingkang èdi, lan ladjeng boten mawi godjag-gadjeg noembas barang waoe, sanadjana radi awis sakedik. Ing woesana pesambat kados ing nginggil waoe: „Boten padjeng," saged itjal; malah tijang - tijang ingkang damel bekakas oetawi sembet-sembet, saged kapeka damela kanti goemati-ngati-ati, tjekakipoen olah goena-krida sajektos. Poenapa poenika boten mikantoeki sanget?

Klilana taksih njéntang sakedik malih. Manoet pamanggihipoen Njonjah Resink - Wilkens: *goena-krida Djawi kénging noelad goena-krida sanès,* oegeripoen kanti pinikir.

Lah, poenika kados tjotjog kalijan toedjoening goena-krida. Goena-krida kedah notjogi dateng kabetahaning ngagesang lan dateng raos-raos. Sebab poenapa ta dipoenwastani „goena", menawi boten ngedalaken bekakas - bekakas oetawi sembet-sembet, ingkang anggoenani oetawi moerakabi? Lan sebab poenapa dipoenwastani „krida", menawi boten soeka kemareman dateng raos-raosing manah ingkang kepéngin dateng saé?

„Goena." Gesanging manoengsa poenika manoet djaman; djaman santoen, gesangipoen inggih santoen; lan kabetahanipoen ladjeng inggih gèsèh kalijan waoenipoen. Sarèhning „goena" waoe kedah tjotjog kalijan kabetahaning ngagesang, dados „goena" inggih kedah toemoet wolak-waliking djaman.

Ingkang poénika „goena" waoe kedah anggadahi *paningal wijar,* lan *manah ageng toer kendel lan bandel.* „Paningal wijar": soepados nganglang njoemerepi, poenapa ingkang dados kebetahanipoen djaman sapoenika. „Manah ageng toer kendel lan bandel." soepados poeroen njakep lan noeloengi kabetahan waoe. Nanging kabetahan poenika asring² énggal, ingkang roemijinipoen dèrèng naté ngetingal. Jèn makaten „goena" kedah gadah tékad kendel: boten adjrih lan minggrang-minggring jasa bekakas oetawi barang énggal, tjotjog kalijan kabetahan énggal, srana noelad dateng kanan - kéring oetawi ada - ada pijambak. Tékad kendel: boten adjrih, manawi keplèsèt. „Lan bandel": Jèn wonten keplèsètipoen, ladjeng njat ngadeg malih lan neroesaken lampah. Tegesipoen: manawi akal-akalipoen sapisanan dèrèng maremaken, sampoen ladjeng medot mopo, nanging akal - akal malih kanti ngoedi sagedipoen maremaken, krana ngleresaken lepatipoen lan nambahi kekiranganipoen ingkang sampoen.

Watek kendel lan bandel waoe boten namoeng soepados poeroen noelad lan ngladjengaken ada-ada, nanging oegi soepados wantoen medot jasa barang ingkang sampoen boten tjotjog kalijan kabetahan. Oepaminipoen: ing satoenggiling dinten (poenika namoeng oepamèn, lo!) sampoen boten wonten tijang malih ingkang anggantèn. Poenapa boten nama ngetjèh-etjèh wekdal lan ambebètjèr pendamelan, jèn goena - krida taksih teroes ngedalaken gantènan-gantènan, sanadjana sampoen boten perloe? Goena-krida ingkang ènget alamipoen boten badé amadeg dados Museum. Kadjengipoen, para seneng keklempak nglempakaken barang tanpa tandja waoe, nanging goena-krida ingkang soemerep dateng alamipoen mesti tansah mingset, ngetoetaken djaman: boten ndoewa dateng énggal-énggalan lan boten anggéndoli sanget-sanget dateng barang kina ingkang sampoen tanpa tandja.

Namoeng kémawon sadaja waoe kedah katoempangan poen „krida." Inggih „krida" poenika ingkang badé moeroegaken gèsèhing pandamelanipoen sabangsa kalijan pandamelanipoen bangsa sanès. Poenapa pandjenengan dèrèng naté nanding tjangkir Djepan kalijan tjangkir Éropah? Poenapa boten pirsa bédanipoen? Lah, saking poendi bédanipoen waoe? Poenika kabekta saking poen „krida." „Krida Djepan" béda kalijan „krida Éropah."

Makaten oegi, manawi goena-krida Djawi badé jasa poenapa - poenapa ingkang kénging kawastanan Djawi toelèn, barang-barang kedah boten namoeng tjotjog kalijan kabetahan, nanging kedah oegi maremaken, ngesrekaken raos Djawi; liripoen: sadaja waoe kedah alaras Djawi, atjéngkok Djawi, atjakrik Djawi. (Jav. stijl en smaak).

Ingkang poenika kados boten wonten alanganipoen, manawi jasa oepaminipoen pola énggal, kadosta: kapal api, kanggé adeg-adeging pola, oegeripoen kapal api waoe ginambara kanti tjéngkok Djawi, toer boten saged damel kisroehing penjawang, manawi sindjang béndjingipoen kaanggé.

Jèn makaten kados inggih oegi boten wonten pakèwedipoen, manawi noelad dedamel (werktuig) oetawi malih techniekipoen bangsa sanès; awit poenika rak namoeng badé anggampilaken lampahing goena - krida lan mijaraken djadjahanipoen; dados boten badé medjahi, nanging malah moelangi.

* * *

(badé kasambet).

PRADJA RAHAJOE.

INGKANG KAGOENGAN WADJIB MOEGI MANGGALIHA!

Wonten ing Sw. T. no. 36 tg. 5 Spt. sd. Singgih ngendikakaken bab rékanipoen tijang pados arta, lan ing salebeting oréjan ngrikoe wonten tetemboenganipoen ingkang moengel arta tjoek. Gandèng lan temb. arta tjoek, ing ngriki koela badé matoer saperloenipoen.

Sampoen antawis dangoe ing doesoen Ngemplak kl. Plasa, onderdistrik Ngloewar (Salam) rinten-daloe tansah ramé tjampoehing botoh main saking poendi - poendi panggénan. Déné ingkang ngagengi langkoeng-langkoeng saking Bligo sakiwatengenipoen. Lan ingkang dateng poenika boten ngemoengaken botoh djaler kémawon, ingkang èstri wonten oegi. Manoet pamirenging panjerat, botoh èstri waoe ingkang temtoe mbratoe poenapa gadahaning botoh ingkang kawon. Lan toemindaking ngabotohan mekaten poenika boten wonten salebeting pedjagongan; tegesipoen boten teka wonten papaning tijang gadah damel oetawi tijang bajèn; tetep pantji ngedegaken pakempalan permainan. Déné ingkang dados toedjoeanipoen ngedegaken permainan waoe: 1e saged tansah kekempalan lan kantja-kantja botoh, lan 2e saged mendet kaoentoengan saking arta tjoek kados ingkang dipoenngendikakaken sd. Sg. ing Sw.T. kasebat nginggil.

Permainan ing ngrikoe boten namoeng nganggé kertos kémawon, dadoe poenapa oegi ramé. Tjekakipoen manoet kasenenganing botoh. Saking raméning permainan ngantos saged ndatengaken bakoel tetedan werni-werni, wonten bakmi, tahoe, ès, sekoel sanèsipoen teksih wonten malih.

Namoeng ingkang koela goemoeni poenika, ingkang wadjib ing ngrikoe teka anggènipoen ngèndelaken kémawon. Poenapa mergi dèrèng priksa? Ah, genah mokal, tijang saben dinten ngadep teka boten priksa. Lah, poenapa mergi boten mangertos jèn ingkang mekaten poenika saged noewoehaken reresah werni - werni, kados déné tjolong-pendet, kerengan lan sesaminipoen! Jèn mekatena kados kok inggih boten! Ladjeng poenapa sebabipoen dipoenkèndelaken kémawon? Poenapa mergi adjrih?, koewatos jèn ladjeng dipoenbentèri? Sadjak - sadjakipoen teka inggih mekaten. Namoeng jèn njata mekaten, poenapa boten nama saroe poenika? Gèk ladjeng perloenipoen poenapa pinilih dados sesepoehing padoesoenan ngrikoe, jèn élik - élik pendamel ingkang tjalon damel resah dipoendamel adjrih. Wondéné jèn anggènipoen ngèndelaken kémawon poenika mila pantji dèrèng ngertos, ing riki koela soeka soemerap, lan moegi énggal kapriksaa saha kabibarna, moempoeng tjara tetanemanipoen dèrèng ngantos medal ojodipoen ladjer.

koela: *P. Ragil.*

ECONOMIE.

JÈN KAPAÈLOE, SAÉ PAÉDAHIPOEN.

Ing onderdistrict-onderdistrict tanah Djawi sampoen katah *bank-doesoen,* andadosaken kamajaranipoen kaoem tani, nanging oegi taksih katah onderan ingkang dèrèng wonten bank-ipoen doesoen. *Bank-doesoen* katah sanget paédahipoen dateng sadèrèk doesoen, sabab sawantji-wantji tijang - tijang waoe betah jatra 5, 6, 7 roepijah agengipoen 10 roepijah saged énggal angsal pitoeloengan njamboet ing bank kaseboet, boten sisah nganggé tanggelan balé-pémahan, sabin lan sanèsipoen, boten sisah tebih - tebih dateng kita dateng afdeelingsbank ingkang mawi tanggelan langkoeng saking moerwat. Pramila kadjarag *langkoeng saking moerwat* awit ing ngatasipoen tijang gadah sabin pengaos f 700 grija sapakawisan (= erf) kataksir andap f 600 toer tijang waoe taksih gadah blandja saben woelanipoen f 50, njamboet afdeelingsbank namoeng f 200, éwasamanten meksa boten saged maremaken manahing tijang ingkang njamboet; tjleketik dipoen samboeti f 100, sabakdanipoen sadaja tanggelan kataksir Mantri-bank langkoeng saking f 1000,— (Zegge: Duizend gulden meer), mangké dangoe-dangoe gèk dipoenparabi *afd. bank dagang* — harak tjoeaaamaaah, toean!

Sapoenika mangsoeli bank - doesoen, jèn saben onderdistrict satanah Djawi sampoen wonten bank-ipoen, méndah saénipoen . . . . ! Onderdistrict panggènan koela dèrèng wonten bank makaten waoe, mila sambatipoen kawoela alit padoesoenan ngantos nandes - ngeres roemasoek baloeng soengsoem, tijang-tijang katah ingkang sami kekirangan réka margi namoeng betah jatra *sakedik.* Sarèhning sadèrèk doesoen betahipoen sakedik 3 roepiah njengkanipoen 5 roepijah, mangka njamboet dateng *bank - doesoen* boten wonten, dateng bank - ageng alias afd. bank tebih toer asring kémawon boten saged maremaken, gèk betahipoen namoeng sakedik, dados kapeksa nabrak tijang Arab lan Singkèk ingkang boten sakedik anakanipoen, sarta malih roemaosipoen tijang - tijang doesoen étja kémawon waton saged angsal samboetan . . . . . *Adoeh kasihan, sajang saudara ! ! !*

Sanèsipoen poenika taksih katah akalipoen *woekers* ing padoesoenan, langkoeng² bangsa Arab anggènipoen *noeloeng pentoeng* sadèrèk doesoen; tjobi kagaliha pandjang! Soeta nanem kadelé, djagoeng, katjangbrol, sata dèrèng wantjinipoen ngoendoeh, kapeksa betah jatra sakedik 2 roepijah agengipoen 5 roepijah, ladjeng kémawon poen Soeta ndjoedjoeg grijanipoen tijang Arab perloe njamboet jatra betahipoen of tawi njadé tanemanipoen katjang, sata, kadelé ingkang taksih nèm, bab regi sapadjeng - padjengipoen, ingkang sampoen koela jakinaken ngenoet ingkang gadah jatra, sadangoenipoen anggènipoen ngregèni ratjak katoembas mirah - mirahan. Pantjènipoen manawi taneman waoe kasadé sepoeh, sampoen wantji ngoendoeh pepadjenganipoen saged tikel 2½, jèn kleresan tikel 3 oetawi sekawanipoen katimbang kasadé taksih nèm; dados tjeta bilih tijang - tijang doesoen poenika waoe kaoentir goeloenipoen alias *kapentoeng* tjengelipoen of *katoeloeng pentoeng* déning tijang Arab.

Minangka panoetoep moegi-moegi pangagenging onderdistrict - onderdistrict kersaa menggalih ngawontenaken bank - bank doesoen ingkang dèrèng wonten, soepados saged majaraken tetijang doesoen bawahipoen.

P. Brata.

„DONGÈNG."

Kaseboet ing Swara Tama no. 39, koela andongèngaken lelampahan koela pijambak, prakawis kawontenanipoen Administratie koela, wiwit koela njamboet damel saéngga sapriki. Poenika sampoen temtoe kémawon dados gegoedjenganipoen para maos. Ananging toemraping koela, poenika boten dados poenapa, watonipoen dongèng koela waoe dados penggalihanipoen para prijantoen ingkang anggènipoen ngoebedaken administratie ngidem kalijan lelampahan koela.

Nembé poenika, koela sinandjanan memitran koela nama Sm. njarijosaken manawi pijambakipoen oegi mentas maos Swara Tama no. 39 preka-

KABAR PAKEMPALAN.

Sambetipoen Sw. Tm. No. 38.

Saladjengipoen Nagari noenten kasamèk-samèkaken kalijan Pas. Soetji.

1e. Menggahing asalipoen, nadyan kalih pisan poenika sami saking Allah, nanging meksa wonten bédanipoen. Negari makaten (ingkang wontenipoen karana: manoengsa kinodrat kedah gesang sesarengan) pinangkanipoen saking Allah krana lantaran (mediate a Deo). Pas. Soetji poenika asalipoen saking Allah tanpa warana (immediate a Deo), sabab ingkang jasa Goesti pribadi, tanpa lantaran tijang.

2e. Kalestantoenanipoen (de duurzaamheid) Negari goemantoeng dateng kabetahanipoen manoengsa, ingkang sampoen tjoemitak wonten ing kodratipoen. Wangsoel P.S. mitoeroet pradjangdjianipoen Goesti, „usque ad Consummationem saeculi" ngantos saboedjading djaman. Sarta agengipoen, mengkoe sadajaning bangsa, katjeta dawoeh Dalem: „euntes docete omnes gentes" Loengaa lan sakabèhing bangsa woelangana!"

3e. Menggahing pangwasa, inggih leres pangwasaning Nagari poenika asal saking Allah; nanging saladjengipoen katata manoet kadjeng lan pandamelipoen tijang, (mediate a Deo). Béda lan pangwasa sålebeting Pas. S. poenika teroesan saking Allah (immediate a Deo). Toemraping woedjoedipoen oegi sampoen katemtokaken. Nadyan ingkang ngembani pangwasa katemtokaken déning pamilihipoen tijang, nanging toemrap pangwasanipoen pijambak sampoen boten kénging kaéwah-éwah menggahing woedjoed, ageng lan s.s.

Ing riki Djoeroe sabda ladjeng ngrembag: toedjoening Negari. Moerih terangipoen Djoeroe sabda ngrembag toedjoening Pas. Soetji roemijin, i. p. *adeptio salutis aeternae*, ngangsalaken kawiloedjengan langgeng, poenika poking toedjoe (laatste doel), déné toedjoe ingkang adakan (naaste doel): „Hominum sanctificatio in hocvita", noetjèkaken tijang gesang poenika, sabab Pas. S. ngladjengaken pakarjanipoen Goesti rawoeh ing boemi. Nadyan P. S. poenika pokokipoen meleng kaswargan, éwadéné saking pangandikanipoen kg. St. Rama Leo XIII, P. S. oegi ngadjengaken barang kadonjan ageng sanget, ngantos oepami P. S. poenika madegipoen namoeng mligi ndjangka barang rohani tok, pikantoekipoen boten badé langkoeng ageng tinimbang kalijan sapoenika poenika. Sapoenika poenapa toedjoening Nagari? Ngangsalaken algemeen welzijn (kawiloedjengan oemoem). Poenapa tegesipoen bonum Commune oetawi algemeen welzijn poenika? Mitoeroet piwoelang Katholiek poenika boten namoeng ateges barang kadonjan, nanging oegi barang kasoekman. (Zedelijke goederen).

Langkoeng² ing babagan „Zedelijke taak" poenika Nagari kabantoe P.S. Pambantoenipoen ingkang nomer satoenggal i. p. anggènipoen P.S. maringi moreele grondslag dateng wontenipoen pangoewaos ing dalem Negari sarta anggènipoen ngadjengaken goede zeden *(laksita darma)*. Ing Encycl. „Libertas" prakawis poenika dipoen-genah-genahaken sanget. (oep: itjalipoen réntjang toembasan, wontenipoen de rechtgelijkheid lan de ware broederschap onder alle menschen). Ageng sanget dajanipoen P. S. ing babagan cultuur, kunst en wetenschap, tjekakipoen babagan beschaving.

Negari sampoen kabantoe dateng P. S. Kosok-wangsoelipoen Negari oegi kedah mbantoe P. S. moerih gampiling katjepengipoen toedjoe. Pambantoe waoe, saking pangandikanipoen kg. St. Rama Leo XIII, langkoeng² Negari kedah ngakeni kasoetjian lan kamogananing agami, ingkang dados tetalining manoengsa kalijan Allah. Dados manoengsa poenika kapasrahaken dateng pangoewaos kalih warni, P. S. kalijan Negari. P. S. kanggé ndjangka barang rohani, Nagari kanggé ngoedi prakawis djasmani.

Nitik poenika Negari lan P. S, poenika gegandéngan raket sanget, kados sadèrèk toenggil jajah réna. Boten teka djadjahanipoen pangoewaos kekalih waoe wor-soeh makaten; kalih-kalihipoen sami pilah², kawatesan dateng kodrat lan toedjoenipoen ingkang adakan pijambak². Ing wewengkonipoen pijambak², satoenggil-toenggiling pangoewaos waoe sami mandirèng pribadi.

Babagan poenika preloe sanget gandèng lan wontenipoen vraagstuk, de verhouding van Kerk en Staat. Prakawis poenika wontenipoen ('t kernpunt) langkoeng² doemoenoeng wonten ing bédanipoen toedjoe waoe.

Kanggé Nagari, toedjoe ingkang adakan: ngadjengaken kadonjanipoen manoengsa. Toemrap P. S. maksoedipoen ingkang adakan: noetjèkaken tijang. Nanging kalih-kalihipoen, lenging poengkasanipoen sami, i. p: ngarah Goesti Allah. Mila Nagari lan P. S. kedah samenwerken (= toeloeng-tinoeloeng). Wontening toeloeng-tinoeloeng waoe mitoeroet piwoelang Katholiek perloe sanget, kados wontenipoen djiwa lan raga. Mila tijang Katholiek poenika principieel anti kalijan scheiding Kerk en Staat; sarta ingkang rinoengkeban (standpuntipoen): toeloeng-tinoeloeng (samenwerking), karana actionum concordia et mutatione officiorum, door eendrachtig handelen en wederkeerige dienstvaardigheid, kados oengeling Encycl. Libertas. Sapinten wewenangipoen satoenggil-toenggiling pangoewaos waoe ing dalem prakawis ingkang gegajoetan, poenika tijang kedah ngoengak poendi toedjoenipoen ingkang adakan ('t naaste doel) satoenggil-toenggiling pangoewaos waoe. Prakawis ing panggénan ingkang principieel grondslag waoe boten saged toemindak, P. S. ladjeng pados margi sanès, sarana Compromis, poenika boten ateges njélaki beginsel ingkang medal saking piwoelangipoen.

Nitik toedjoenipoen Negari, ndjangka kawiloedjengan oemoem, ingkang oegi ateges, kawiloedjenganing kasoekman, poenika tjeta sanget, bilih Nagari makaten kedah ngakeni wontenipoen Allah lan Agami. Mila dawoeh dalem kg. St. Rama Leo XIII ing Encycl. „Immortale Dei": „De natuur en de rede, die de afzonderlijke personen gebiedt God heilig en vroom te dienen, omdat wij in zijn macht zijn en wij, van Hem uitgegaan, tot Hem moeten terugkeeren, bindt ook door eenzelfde wet de burgerlijke gemeenschap. De mensch toch, in een maatschappij vereenigd, zijn niet minder in Gods macht dan de afzonderlijke personen, en de maatschappij is aan God geen geringeren dank verschuldigd dan de enkelingen." Lan ing dalem Encycl. „Immortale Dei": „Civitates non possunt, citra scelus, gerere se tanquam si Deus omnino non esset." Tanpa kénging wewelak, Nagari poenika boten saged atradjang kadosdéné boten wonten Allah babar pisan. Doemoegi samanten sesorahipoen sad. Dwidjasoesana, ingkang pantes koela atoeraken ngriki.

Verslaggever C. C. Solo
Gampang.

---

wis dongèng koela kaseboet. Ing ngriki kaparenga koela nirokaken sakedik omong-omongan koela kalijan memitran koela Sm. waoe, tjekak aos makaten: (Njoewoen pangapoenten para maos, ing ngriki koela serat ngoko, amargi omong-omongan koela waoe oegi ngoko-ngokonan).

Sm. Sliramoe koewi pantjèn loetjoe tenan.

Sg. Lo, loetjoe kaprijé ta! apa akoe ki ngloetjoni?

Sm. Ija bener ora nglotjoni, nanging olehmoe nganèh-anèhi koewi; hlawong ngritig kok ngritig awaké déwé, sadjegkoe seneng matja koran, lagi toemon sliramoe tok, ambok ija ngritig ing lijan, hlawong ing kéné ija pantjèn ora koerang baé kok; anggeré moeng sabeneré rak ija ora dadi ngapa, malah jèn ngroemangsani, bisa marèni, wekasan bisa kepénak oeripé, rak ija dienggo-enggo déwé.

Sg. Hla ija bener, oepama akoe ngandakaké lelakoné si Soeta, si Naja, si Dadap, si Waroe, toer ngandakaké sing sabeneré, hara, mengko rak dadi soelaja, akoe bandjoer dianggep menghina, woesanané dadi ramé. Tjoba pikiren toeladané wong kaé, jèn ndak kritig mesti moering-moering; kaé bijèn bajaré f 30— sasasi bisa tjoekoep amarga apa-apa moeng trima saanané, saiki bareng bajaré f 50— sasasi kaanané sami-mawon, malah sambaté rada nemen saiki, djalarané apa!! ora lija ija moeng angger moendak blandja, ija moendak. karep paribasané: „gegedèn empjak koerang tjagak" wekasan, malah ngranoehi. Moelané kaja akoe iki bareng woes roemangsa kedjeglong ngarep, ndak pikir-pikir ora ana paédahé wong anggak-anggakan.

Sm. Ija, prakara anggak-anggakan ing kéné baé pantjèn ija ora koerang, tandané jèn ngarepaké dina bajaran, koerang sadina rong dina baé kantjakoe déwé woes pada kekes. Hla malah koewi tjarik timbang teboe ing kéné dik M. hlawong njamboet gawé tijdelijk baé, bisa ngétjé akoe, toer omah tangga karo akoe.

Sg. Ngétjé kaprijé?

Sm. Dèwèké rerasanan mangkéné: sanadjana akoe moeng njamboet gawé tijdelijk, kaanankoe mangsa kalaha karo sing njamboet gawé vaste.

Sg. Aah mongsok ta, hlawong setaoené moeng njamboet gawé limang (5) sasi kok bisa ngétjé karo sing njamboet gawé teroesan, wah mangka bajarmoe menang akèh.

Sm. Loo! Tenan! ning sing di-endelendelaké anggoné golèk pasoegihan, golek pelarisan, amarga bodjoné bakoelan.

Sg. Oo, dadi jèn mangkono dèwèké ngawoela sétan.

Sm. Ija.

Sg. Hla seliramoe apa ngandel, jèn sandang pangané maoe saka anggoné golèk pasoegihan?

Sm. Ija ngandel baé, tandané kaanané ing kono, pamèré nobatnobataké.

Sg. Mesti baé, hlawong bodjoné bakoelan, dadi sangkané sandang pangan maoe ora saka anggoné golèk pasoegihan, nanging saka anggoné bebakoelan. Manawa seliramoe ora ngandel, njobaa, sadina golèka pasoegihan ping pitoe apa ping pira, ning seliramoe sekaroné nganggoera (adja bakoelan) mengko rak ora éntoek barang-barang. Wis ah, adja diteroesaké, hla kok kedawa-dawa ngremboeg wong ngawoela sétan; omong lijané baé.

Sm. mBalèni omong bab dongèngmoe baé.

Sg. mBalèni kaprijé?

Sm. Akoe bijèn sadoeroengé njamboet gawé njang kéné, wis taoe njamboet gawé njang boschwezen, blandjakoe loewih akèh tinimbang njang kéné, ning lelakonmoe ija pada karo lelakonmoe, saben abis boelan koewi angger arep réka-réka njèlèngi, ora bisa klakon-klakon. Nganti akoe déwé dak peksa déwé koedoe njèlèngi; ija bandjoer klakon njèlèngi, nanging lebar njèlèngi let ± 10 dina ndak djoepoek manèh; abis boelan dak isèni manèh, ija ora antara dina didjoepoek manèh, pèndèké angger njèlèngi, let dina ija didjoepoek, soewé-soewé nganti akoe bosen njèlèngi, moeng saldo saroepijah. Bareng akoe lèrèn saka panggawéjan, nganti nganggoer sawatara sasi, ija moeng nisil dridji tok.

VAN LITH-STICHTING

SOEMANGGA
SAMI DADOS
CONTRIBUANT
V. L. S.

Penningmeester V.L.S.
p/a 2e. Convict
Moetilan N. I. S.

Prakara koewi pantjèn moeng saka nijat, kaantepané nijat moeng milih salah sidji, ndadi apa mari.

Sm. Ija pantjèn ngono; saikiné bareng seliramoe saoewisé ngroemangsani kedjeglong ngarep maoe kaprijé?

Sg. Saikiné ija bakal dak ati-ati, adja nganti kaja lelakon sing oewis-oewis, amarga saiki para djempolaning pakoempoelan-pakoempoelan akèh sing pada ngoedi „Merdika," mangka saka panemoekoe oerip merdika maoe koedoe nganggo sangoe pawitan, moelané saiki koedoe andandani economie disik, perloené ing mbésoek manawa bisa merdika bisa merdika tenan, hija sing tenan merdikané, kosok-baliné jèn economie isih morat-marit arep merdika, merdika-kepripoen mandoblang, arep bakoel ora doewé doewit, arep dadi tani ija koedoe nganggo doewit, dadi kabèh-kabèh koedoe nganggo doewit, apa manèh jèn pinoedjoe kasoesahan, jèn ora doewé doewit, rak ija tambah soesahé.

Kadjaba saka ikoe, kita koedoe ngroemangsani jèn dadi kaoem boeroeh (toekang golèk doewit), dadi adja nganti rojal-rojal angetokaké doewit sing tanpa perloe.

Sm. Oo, ija koedoe mangkono, amarga sing toekang awèh doewit (werkgever) baé, ngati-ati banget anggoné ngetokaké doewit, apa manèh djaman malaise iki, poenggawa-poenggawa akèh sing dilongi, bajaran-bajaran akèh sing disoeda.

Sg. Hla, hija, saiki jèn poenggawa dibezuinig, mengko economie-né ketanggor sing isih morat-morit kaja akoe iki, harak ija sida kepripoen.

Sm. Hija wis ta, wis rada bengi, akoe lilanana moelih.

Sigeg samanten djalaran memitran koela waoe ladjeng pamitan mantoek.

Koela laré doesoen
Kedoengbantèng
SINGGIH.

JÈN GAGASAN KOELA.

Maos seratipoen sad. B. Soegija ing Sw. T. No. 39, koela kapeksa badé nglahiraken poenapa ingkang dados kandoetan koela: Inggih poenika boten sanès namoeng kagèting manah, goemoen lan éman, awit boten nginten jèn sadèrèk koela satrija Kath. namoeng semanten kasatrijanipoen.

Ing batos tansah memoedji: mbok adja njata, awit koela inggih toemoet wirang jèn sadèrèk koela badé ngesoraken lènggahipoen, margi saking anggènipoen boten netepi kasatrijanipoen.

Sinten ta W.K. poenika, rak sadèrèk kita pijambak, sadèrèk èstri ingkang pantes dipoenajomi jèn wonten bebaja — pantes dipoensrengeni jèn gadah tindak kang tan prajogi. Poenika tandanipoen katresnan sedjati.

Gotrah Kath. poetra-poetri, ngetingalna katresnan kita dateng sesami, menggaliha dateng kawontenaning W. K. oegi, awit awon saé kita sadaja toemoet njanggi. Wasana bab pedjah — gesang — adjeng — oendoeripoen kantoen soemangga sadèrèk Kath. sadaja. Namoeng poenika atoer koela lan panoewoen koela bab ingkang kawedar sad. B. Soegija, sampoen ngantos dipoenkaping kalih, want ik heb mijn broeders steeds hooger geschat.

C. H.

PRIMBON NATIONAAL.

PRAKAWIS AGAMI..........

Dr. Soekiman, djempolan P.S.I.I., petjroh kalijan Dr. Soetama goegoenoeng Studieclub, pangarsa P. P. P. K. I.

Poenapa sebabipoen? Margi, ... ing s. k. *Swara Oemoem,* ingkang dipoenkemoedèni golongan Studieclub, ngewrat artikel „Bédanipoen Digoel kalijan Mekah."

Koela boten perloe mratélakaken, kados-poendi artikel waoe. Nanging perloe pandjenengan tjatet: Karangan poenika tinampi *njerikaken* déning golongan Islam. Katah tjabang-tjabang P. S. I. I. ingkang nglahiraken boten narimahing manahipoen. Ngantos kelampahan, (— kados ingkang sampoen naté kawartosaken ing Sw. T. ngriki —), golongan Islam ngawontenaken openbare vergadering, nantang golongan *Swara Oemoem.* Nanging péhak Swara Oemoem boten poeroen dateng.

Doemoegi sapriki pasoelajan waoe dèrèng wonten mendanipoen. Malah saged oegi taksih wonten boentoetipoen nglawèr pandjang.

Koela pantjèn boten nijat tjawé-tjawé kalijan pasoelajan poenika.

Ananging, sasampoenipoen njoemerepi kawontenan makaten, anetepi wadjibing journalist, koela namoeng soeka tjatetan dateng pandjenengan sadaja: „ . . *Prakara Agama, prakara kabatinan, koewi pantjèn prakara gawat. Nèk ditjetjamah, diala-ala, diérang-érang, bisa kelakon noewoehaké kedadéan sing ora betjik.*"

Koela mangertos, ing Mataram wonten koran Islam, ingkang saben-saben medal damel rubriek ngawon-awon Agami Kristen (Katholiek lan Protestant).

Sapoenika, ing Indonesia wonten kedadosan pasoelajan prakawis Islam kalijan Digoel. Golongan Islam mrekitik, margi roemaos dipoentjatjamah kaantepanipoen.

Amila, manawi tetijang ing serat kabar Islam waoe *gadah kamanoengsan,* sasampoenipoen ngalami lalampahan sagedagan poenika, mesti ladjeng gadah tepa salira. Ladjeng saged nepakaken: dadi nèk akoe nindakaké kaja ngana kaé, ngala-ala Agama Kristen, wong-wong Kristen ja mrekitik..........

Awas! Sinten ingkang boten poeroen dipoenprekitikaken, kedah boten mrekitikaken manahipoen sanès!

Pitoetoer koela dateng pandjenengan sadaja: „Akoe bisa propaganda Agamakoe tanpa ngala-ala poepoendèné wong lija. Toko sing arep djor-djoran, tjara satrijané, koedoe ngapikaké barang! Ora perloe ngèlèk-èlèk barangé toko lija; nèk nganti kaja mangkono, asor!

Manawi pandjenengan mranggoeli koranipoen bangsa ngriki pijambak, ngawon-awon Agami Katholiek, weling koela: „ . . . . . *Soewèk-soewèken koran maoe. Adja kowatja. Saroe! Padakna karo asoe djoegoeg baé!*"

Ihtékading manah kita: kedah namoeng njamboet damel kanggé perloening Pangéran lan siti kalahiran. Kita kedah *teroes* njamboet damel! Sampoen ngrèwès pandjegoging segawon! Mindak toewas ora kasembadan perloené, bati awaké ketjatèk. Ènget babasan Walandi: „Blaffende honden bijten niet." oet.: *„Briga-brigi ora anggetihi."*

Tjekak: *„Kita saged propaganda Agami kita; kita saged andjembaraken Kraton Dalem Sri Jésoes, ... tanpa mawi dadamel ngawon-awon, njenjamah kaantepaning sanès! Tijang katah badé nitosi pijambak!"*

Sinten ingkang toenggil pamanggih kalijan koela, kénging mèngeti primbon koela poenika!

Mataram 27 September '30.
Taklim koela: *A. S. D.*

-:- VARIA -:-

NJAMBETI SATEMBOENG-KALIH TEMBOENG.

Ing Sw. Tm. no. 37 dipoentjrijosaken: *„Poetri Klatèn woengoe saré".* Inggih poenika ingkang badé koela sambeti sakedik-kalih kedik. Koela bingah sanget, déné ing Klatèn oegi sampoen wonten pakempalan para wanita.

Sapisan malih pamaos koela dateng karangan poenika, awit badé ngertos saèstoe toedjoening pakempalan. Katjrijosaken bilih wonten ing pak. ngrembag oegi bab „majoeh" oetawi „wajoeh",

Wah sokoer sanget, déné wonten pangrembag prakawis poenika.

Awit bab „majoeh" oetawi „wajoeh" kerep sanget toemindak toemraping para sadèrèk sanèsipoen ingkang dèrèng ngertos dateng agami kita. Sarta oepami koela jektosi ingkang saèstoe, ing „Ons Klaten" taksih katah ingkang sami nindakaken. Matoer noewoen dateng „Tjipta Wanita".

Pangadjeng-adjeng koela, moegi para sadèrèk ingkang sanès prijantoen kénginga nramboel pak. poenika. Dados boten ngemoengaken prijantoen kémawon.

Sapoenika koela tjloeloek, pandjenengan para prijantoen Kath. ing Kl. ingkang sampoen kaseboet djembar kawroehipoen, poenapa ladjeng kèndel kémawon? Mangka sampoen pirsa dateng pak. Tjipta Wanita, saha sampoen midanget poenapa ingkang sami karembag. O, ing Kl. temtoe saged kelampahan wonten pakempalan wanita, djer ing Kl. katah sadèrèk wanita. Sinten ta ingkang ada-ada roemijin manawi boten ingkang nginggil? Sadèrèk wanita sanèsipoen ingkang dèrèng patos ngertos, masti boten nggagas dateng bab poenika. Babar pisan boten. Awit roemaos alit, dèrèng katjonggah nggajoeh ingkang inggil.

Tjobi menggah pandjenenengan mirsani ngidoel dateng Ngajodja, sampoen wonten W. K. (Wanita Kath.) Malah sampoen ndados. Mirsani ngalèr dateng Solo, inggih wonten. Déné jèn pandjenengan ngertos ing tanah Djawi ngriki, pinten kémawon katahing pakempalan wanita. Jèn ngaten poenapa pandjenengan boten badé menggalih, boten ngedjokaken dateng sadèrèk kita ing Kl.? Samangsa ing Kl. wonten pak. W. K. temtoe sekétja toemindaking gesang ing pakempalan, toer malih ngindakaken pitepangan, sarta sadèrèk ingkang dèrèng patos ngertos waoe mindak ing seserepanipoen.

Pandjenengan ta sampoen mangertos manawi pak. W. K. poenika saé sanget pandamelanipoen. Sarèhning sampoen katah toeladanipoen, poenapa boten badé toemoet ada-ada? Djandji ingkang nginggil marahi, ingkang alit temtoe mempeng. Soemangga sami ngadjengaken bangsa kita roemijin, inggih poenika bangsa Kath. Lah béndjing jèn sadèrèk kita pijambak sampoen madjeng, noenten sami sesarengan mitoeloengi sanès. Sampoen poenika roemijin.

Ing wasana sanget ing pangadjeng-adjeng koela, moegi énggal kaleksanana ing Kl. wonten pak. W. K.

Koela wanita Klatèn ing Soerabaja.
8/9-'30

OERAP - SARI

(PETIKAN SERAT - SERAT KABAR SANÈS)

KABAR KATHOLIEK.

Retrèt Moentilan.

Retrèt ing Moentilan ingkang kapengker poenika, ingkang ndèrèk wonten prijantoen 66.

P. Soekiman santoen asma.

Kita pikantoek pawartos, pandjenenganipoen Rama Pastoer Soekiman, sapoenika santoen asma Prawirapratama.

Ngleresaken.

Kalih minggoe kapengker Sw. T. ngewrat pawartos bilih pandjenenganipoen P. de Lange kasangsaran anggènipoen noempak montor. Poenika boten njata. Leresipoen P. Mannesse. Tatoe-tatoenipoen boten wonten ingkang moetawatosi. Njoewoen pangaksama!

Wandawa Katholiek Amerika.

Manoet tjatetan opisijil wedalan taoen 1930 ing catholiek Directory, kala taoen kapengker poenika, tjatjahipoen tijang Katholiek ing Amerika Sarékat (- Alaska lan poelo-poelo boten kapétang -), langkoeng saking 20 mlijoen. Goenggoeng kempal sapoenika wonten 20.078.202 djiwa (djiwa ing ngrikoe sadaja wonten $122^{1}/_{2}$ mlijoen).

Manawi Alaska kalijan Hawai kapétang, djiwa Katholiek waoe wonten 20.112.758.; dados mindak 91.000.

Ing sakoekoeban Katholiek Amerika ngrikoe gadah Kardinal 4, Maha Biskop 12 lan Biskop 102. Tjatjahing Imam ing Amerika Sarékat kémawon 26.925. Tjatjahing Grédja 18.166, poenika mindak 230, tinimbang kala taoen kapengker.

Tjatjahing sakolahan seminarie 135, gadah siswa tjalon Pastoer 16.300. Boten kirang saking parochi 7225, ingkang gadah sakolahan pijambak, moeridipoen 2.248.571.

Pamoelangan tengahan lan inggil wonten 962.

Grija pamijara laré lola 329, isi laré lola 51.523.

Tjatjahing grija sakit 624, saben dintenipoen ngrimat boten kirang saking 100.000.

Béndjing poenapa wandawa Katholiek bangsa Indonesia noetoeti kamadjenganing sadèrèkipoen ing Amérika??

M. Soejoed Martasoehardja dados goeroe basa Djawi ing Leiden.

Sadèrèk M. Hubertus Soejoed Martasoehardja, roemijin wedalan Kweeksch. Moentilan, lan inggih sampoen naté dados goeroe basa Djawi ing Kw. S. Moentilan, sarta wasananipoen dados adjunct taalkundige ing Balé Poestaka, kaangkat dados maha goeroe basa Djawi ing pamoelangan loehoer Leiden. Manoet seratipoen, tindakipoen sadèrèk waoe saking Indonesia béndjing tanggal 22 Oktober. Garwa lan poetranipoen nem sami kabekta. Béndjing tanggal 7 Oktober, pandjenenganipoen dateng Ngajogjakarta, wonten ngriki sawatawis dinten, preloe pamitan kalijan sadèrèk-sadèrèkipoen.

Kita ngatoeri kasoegengan, lan moemoedji wiloedjeng.

Serat kabar minggon.

Ing Batawi badé wonten serat kabar Katholiek minggon mligi kanggé preloenipoen Agami.

Pindah dateng Wedi.

Saking péhak ingkang kénging pinitados, koela mireng pawartos bilih sadèrèk I. Kasima Endrawahjana, pangarsa H. B. P. P. K. D. badé pindah dateng sakolahan tani ing Wedi, Klatèn.

Manawi kabar waoe temen, begdjanipoen sadèrèk ing Wedi.

KABAR OEMOEM

INDONESIA.

Sadèrèk H. O. S. Tjakraaminata.

Manoet tjarijosipoen A. I. D., kala Minggoe 21 September poenika sadèrèk Tjakraaminata, goegoenoengipoen P. S. I. I., dateng Tjitjoeroeg, andatengi grijanipoen kadji Abdoelrahman ing kampoeng Sadamoekti tjaket padoesan Tjimelati, sarta ladjeng badé ngawontenaken saraséjan kalijan warga-warga P. S. I. Ingkang dateng katah sanget, 2 à 3 èwoe. Kala semanten wonten tijang nama Idjo, poenika sampoen ngandoet gémbolan boten saé toemrap sadèrèk Tjakra.* Partijnipoen Idjo katah sanget. Sadèrèk Tjakra kaoendang dipoenoewoeh-oewoeh kapoerih medal. Grijanipoen kadji Abdoelrahman dipoenbentoeri séla. Katjarijos sadèrèk Tjakra ladjeng lolos dateng Paroengkoeda mawi montor. Nanging kasoesoel tijang katah ingkang sami medal margi sidatan ingkang langkoeng tjelak. Wonten Paroengkoeda, panoentoen waoe dipoenpisoeh-pisoehi. Montor ingkang dipoentoempaki badé kagloendoengaken dateng djoerang déning tetijang katah, toedjoenipoen rèming montor waoe kentjeng sanget. Kala semanten ladjeng ketoengka datengipoen poelisi, soeka pangajoman dateng sadèrèk Tjakra.....

Poenapa sebabipoen déné sadèrèk Tjakra dipoenmakatenaken warga-warga P. S. I.?

Ingkang mandégani aksi poenika tijang nama Idjo ingkang sampoen gadah manah serik dateng sadèrèk Tjakra. Tetijang ing ngrikoe poenapa déné warga P. S. I. I., pantjèn katah ingkang groendelan, margi P. S. I. I. saben-saben pados darma saking tejang alit, nanging tetijang waoe boten naté ngraosaken asilipoen.

Kala P. S. I. I. taksih angganda aroem, lan kala H. Tjakra taksih dipoensoeba-soeba saèstoe déning titijang alit, titijang sami nglempakaken darma kanggé waragadipoen sadèrèk Tjakra minggah kadji. Arta darma kanggé minggah kadji poenika angsal kinten-kinten f 18.000; poeika ingkang loemantar sadèrèk Idjo kémawon wonten f 5.000

Kala Idjo wonten toetoepan boewi, neda pitoeloengan dateng H. Tjakra. Nanging sad. Tjakra boten naté poeroen mangsoeli. Mangka seratipoen Idjo boten kirang saking kaping kalih dasa. Margi makaten waoe, Idjo ladjeng serik sanget kalijan sadèrèk Tjakra.

Bintang Timoer martosaken, bilih sadèrèk Tjakra ngelahaken prakawis kaseboet dateng Biro Inl. Zaken.

P. G. H. B. lan Volksraad.

Manoet A. I. D., pakempalan P. G. H. B. oegi kapéngin gadah wakil wonten Raad Kawoela.

Ingkang dipoenkandidataken: sadèrèk Atik Soewardi, Andaga Wedijakarsaja, toewin Prawiradinata.

Njalingkoehaken arta 100.000 yen.

Locomotief njarijosaken, kala 29 September poelisi Bandoeng njepeng tijang Tionghoa anama Cheng Chung Ngai. Tionghoa poenika waoe sampoen dangoe dados padosan margi njalingkoehaken arta 100.000 yen gadahanipoen satoenggiling bank ing Djepang, i.p. Duitsch Aziatisch Bank, bawah Kobe.

Tilas Goepernoer dados journalist.

Manoet tjarijosipoen Aneta, pandjenenganipoen toewan Jasper, tilas goepernoer Ngajogjakarta, béndjing sakésahipoen t. van Meurs hoofdredacteur Java Bode sapoenika, badé anggentosi toewan waoe, margi t. van Meurs sawangsoelipoen saking Nederland boten badé wangsoel dateng Java Bode malih.

Djaman malaise.

Darma Kanda njarijosaken kawontenan Soerakarta: sampoen malih karèt, sindjang, gendis botena medeng, boten saged amboetjal; tjatjak oewos ingkang saben tijang ambetahaken meksa kataman medeng-medengan. Ing wekdal samangké, ing doesoen ngadoesoen soédagar oewos sami andjerit, sabab boten saged njadé daganganipoen. Mirit ingkang sampoen-sampoen wantji ngaten poenika, ing padoesoenan dados redja déning swaraning tijang anggentang, nanging samangké anjep kémawon.

Konprènsi Boepati.

Béndjing taoen 1931 poenika, ingkang Witjaksana badé damel moesawaratan Boepati Djawi Kilèn, Goepernoer Djawi Kilèn poenapa déné para residèn ing koekoeban ngrikoe, perloe angrembag prakawis ingkang magepokan kalijan pangrèh pradja tijang siti.

Konprènsi waoe bokmanawi kémawon dawah wonten woelan Maart 1931.

Prakawis rembag-rembag kapoendoet soepados loemados sadèrèngipoen tanggal 1 December ngadjeng poenika. (A. I. D.)

Kaboedidajan dipoentoetoep.

Onderneming ing Goenoeng Sindoer, bawah Borneo, djembaripoen 1200 baoe, wiwit 1 October poenika dipoentoetoep. Dajaning malaise!!

Pitoeloenganipoen Tiongkok.

Gandèng kalijan kobongan ing Pontianak ingkang andadosaken kapitoenènipoen sadèrèk Tionghoa katah, parèntah Kabangsan andawoehaken dateng Ministerie Arta soepados ngedalaken arta 50.000 yen kanggé mitoeloengi tetijang Tionghoa waoe.

Pamaréntah provincie Kwantung oegi andarmani 50.000 yen. Paréntah provincie Fukien andarmani 20.000 yen. *(Keng Po).*

Prakawis Chotbah Mesdjid.

Nera martosaken saking Pasoeroewan bilih tjabang Moehammadijah ing kita ngrikoe aneda dateng ingkang wadjib, soepados chotbahchotbah ing salebeting masdjid, mawija basa Djawi, perloenipoen saben tijang sageda mangertos.

Prakawis poenika dipoensemantakaken déning kaboepatèn dateng para wadana toewin ngoelama ing koekoeban ngrikoe.

Sapoenika wonten pawartos, oesoel waoe boten dipoentjondongi ngoelama-ngoelama, awit manawi mawi basa Djawi koewatos mbokbilih tetijang boten sami ngaosi dateng chotbah.

Bebaja ing Likasan.

Gandèng kalijan babaja ing Likasan kala 18 Mei, toewan Grondijs satoenggiling sardjana geoloog sampoen ngladosaken palapoeraning paniti-priksanipoen.

Palapoeran waoe mratélakaken:

1. Babaja waoe margi bandjir lahar ingkang doemados déning djoegroeging siti ing Lamping goenoeng Ngebel, kabekta djawah deres.
2. Saged oegi béndjing mangsa djawah saged andjoegroegaken siti malih ingkang ladjeng andjalari wontening lahar-lahar malih.
3. Anjegah wontening djoegroegan siti ingkang saèstoe, angèl saged-ipoen. Ewadéné inggih saged ngajomi djiwaning tetijang toewin kéwan ing satjelakipoen, i. p. sarana anjoewoengaken doesoen-doesoen ingkang andap. Oetawi, manawi wragadipoen boten kekatahen, doesoen-doesoen waoe kedah dipoentanggoeli séla, sarta ingkang dipoenmakatenaken waoe ingkang karoemijinaken prajogi ing doesoen Kalimas. *(Locomotief).*

SAKING MATARAM.

— Kala Agoestoes, tjatjahing tijang ingkang neda pitoeloengan madosaken pandamelan dateng ing Kantor Pakarjan Ngajogjakarta: Indonesiërs 189, Walandi 49; lan ingkang saged angsal padamelan Indonesiërs 47, Walandi 9. Ing akiring verslag woelanan, kantor waoe taksih gadah tjatetan tjatjahipoen tijang neda pandamelan Indonesiërs 942, Tionghoa 26, Walandi 251.

— Tetijang ing Poerwakinanti toewin Djajèngprawiran, saking tarékahipoen sawenèhing sadèrèk, sami tjantjoet nedya angitjalaken grija-grija pasoendelan ing kampoeng ngrikoe. Moegi-moegi sageda kaboel.

— Sadèrèk Tédjamartaja, waoenipoen panoentoen kominis ing Ngajogjakarta 24 September tilar donja wonten Digoel'.

Toekang métang djiwa dipoenlawan.

Toekang métang djiwa bangsa Atjih, nama Brahim Nay ing Sigli, kala nindakaken wadjib dipoenlawan bangsa Atjih oemoer 70 taoen, nanging wiloedjeng boten tatoe awrat, Tijang sepoeh waoe kala katjepeng. boten mratélakaken sebabipoen toemindak makaten.

Pelikan andjebloeg.

Kala 25 Sept. kinten-kinten djam 3 éndjing, ing pamelikan Poeloe Laoet wonten djebloegan gas, margi kala samanten wonten tijang oedoed.

Tijang ingkang kataton wonten sadasa, ingkang nenem sanget, sarta ingkang sekawan keladjeng pedjah.

Post oedara Nederland — Indonesia.

Pranatan opisijil.

Wiwit 25 September, post oedara Nederland — Indonesia, dipoenajati malih. Saladjengipoen montor maboer *K. L. M.*, pangkatipoen saking Amsterdam 2 October, 6 Oktober, 30 Oktober enz., datengipoen wonten Medan tanggal 5 Oktober, 12 Oktober, 26 Oktober, 9 November, enz....., ladjeng dinten tjandakipoen doemoegi ing Palémbang, Betawi toewin Bandoeng.

Wangsoelipoen saking ngriki: bidalipoen saking Bandoeng: 17 Oktober, 31 Oktober, 14 November enz. Dintenipoen ingkang kapisan ingkang dipoenambah Bandoeng — Weltevreden — Palémbang — Medan. Pangkatipoen saking Médan dinten Setoe. Pangkatipoen saking Nederland mriki, oetawi saking Indonesia dateng Nederland kaangkah-angkah sageda 12 dinten.

Ing margi Bandoeng, Weltevreden, Palémbang, Médan (késah wangsoel) oegi ambekta bektan seratserat post kanggé salebeting nagari (binnenland) Waragadipoen kaanggé sami kados waragad ing *K.N.I.L.M.* Kanggé serat binnenlandsverkeer 10 sèn saben 20 gram. Dados serat ingkang wawratipoen kirang saking 20 gram, kakintoenaken saking Soerabaja oetawi Bandoeng dateng 'sGravenhage, manawi kabekta montor maboer doemoegi Médan, saking ngrikoe ladjeng kakintoenaken medal kapal mail, poenika kénging waragad post oedara 10 sèn.—)

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

AMERANGI LINTAH DARAT.

GEMEENTE SOERABAJA INGGIH BADÉ TJANTJOET!

Para maos! Sampoen lami panoentoen-panoentoen anggènipoen toemandang amerangi lintah darat. Inggih lintah-darat ingkang saja dangoe saja katawis krodanipoen adamel kapitoenanipoen bangsa Indonesiërs. Sinten ingkang kéntjokan sasakit satoenggal poenika, sasat kados kapoelet ing sendjata ranté, angèl oetjoel-oetjoelanipoen!

Amila, sinten kémawon ingkang tresna kalijan bangsanipoen, kedah ambijantoe aksi waoe.

Menggah ichtijaripoen para panoentoen warni-warni. Ingkang katah ladjeng angedegaken babatonan alit-alitan kanggé dadagangan (coöperatie). Para warga kawadjibaken tetoembas wonten ngrikoe. Koperasi makaten poenika ing Semarang, Mataram sampoen wonten. Malah ing Soerabaja kabaripoen saben pakampoengan sasat wonten babatonanipoen kantja alit kados ingkang koela atoeraken poenika.

Manoet tjarijosipoen *De Locomotief,* College B. & W. anampèkaken oesoel dateng gemeente raad ing Soerabaja, wigatosipoen nedya amerangi lintah darat ing peken-peken.

Ing salebeting Pranatan Peken badé dipoenwewahi pepatjak ngatjek-atjeki boten kénging tijang pados kaoentoengan wonten salebeting koekoeban peken sarana njamboet-njamboetaken arta, inggih mawia patrap ingkang kados poenapa kémawon. Kadjawi makaten dipoenawisi kentjeng boten kénging nagih samboetan ingkang kaanakaken, wonten ing koekoeban peken. Temboengipoen ing basa Walandi: Wordt verboden „op de terreinen der passar uit winstbejag geld uit te leenen in welken vorm ook, dan wel afbetalingen van een uit winstbejag geleende geldsom te innen, (of pogingen daartoe aan te wenden)."

Katjarijos, manoet oengelipoen koran waoe, ing Pasoeroewan toewin Kediri pranatan makaten poenika sampoen toemindak.

Pandjenengan sampoen sami pirsa, ing Soerabaja poenika dados kedoenging ébah^{2}an merangi lintah darat.

Amila, saoepami gemeente anindakaken oesoel waoe, poenika nama animbangi ngrekaosipoen para panoentoen ing Soerabaja anggènipoen sami kroda angempakaken dadamel warni-warni amrih leboering pakarjanipoen lintah darat.

Nanging, ... wonten ingkang ndadosaken nggarendjeling manah koela sakedik déné manoet pawartos ing *Soerabaj. Handelsblad,* gemeente badé oesoel soepados gemeente anglampahaken arta katah-katahipoen f 4000 kasamboetaken tetijang wonten ing peken.

Leres gemeente anggènipoen badé nglampahaken arta wonten peken waoe, anakanipoen langkoeng mirah tinimbang toekang potang sanèsipoen.

Ananging, ... pokal ingkang makaten poenika sisib sembiripoen saged anoewoehaken seling serep, panjakra bawa ingkang boten-boten dateng gemeente.

Saja toemrapipoen tijang ingkang sampoen kagoesah saking peken waoe, panampinipoen dateng patrapipoen gemeente ingkang makaten poenika ladjeng nama ngesoer. Anggepipoen: „ah gemeente déwé sing arep golèk oentoeng! Akoe ora olèh; akoe digoesah!"

Mangga, poenapa boten makaten? .. Nanging, .. ja soedah prakawis poenika boten preloe koela pandjangaken.

Prakawis ingkang penting: ing poendi^2 sapoenika wonten ébah-ébahan merangi lintah darat. Parèntah inggih karsa ambijantoe. Kita sasaged-saged inggih kedah toemoet toemandang!

Salebetipoen kita sami mangsah perang, kedah oegi angèngeti sasandoenganipoen. Mangka sasandoengan waoe toewoehipoen saking bangsa kita pijambak, kabekta saking sampoen ngójod, loemèngkèt wonten manahipoen.

Ingkang koela wastani sasandoengan ing ngriki, *sadaja tandoek ingkang amboborosi.* Kadosta: wiloedjengan telas dasanan oetawi atoesan roepijah, dipoenréntjangi njanjamboet mawi anakan nikeli. Gadah damel nganak-anakaken; bakdan mawi pados samboetan arta kanggé long-longan sasaminipoen ...

Ing mangka sadèrèk, ingkang gadah patrap ambeborosi poenika, boten namoeng kaoem Krama kémawon. Dalasan ingkang sampoen nama prijantoen oetawi panoentoen inggih kerep kémawon anjontoni watak boros waoe.

Kala 9 September poenika kémawon, manoet tjarijosipoen *Bintang Mataram,* saking karsanipoen Assistent Wedana Pandak (Ngajogjakarta) loerah-loerah ing bawahipoen sami wiloedjengan wonten mesdjid satjelakipoen pabrik Gesikan, mawi ndatengaken kjahi saking Nampingan (Magelang), perloe neda barkah wiloedjeng kanggé bawah ngrikoe. Waragading wiloedjengan f 220.— dipoensanggi sadaja keloerahan.

Mangga, poenapa makaten poenika tjonto saé? Leresipoen kedah toemandang angitjali goegon toehon! Nanging malah ngandelaken goegon toehoning kawoela! Anggènipoen njoewoen wiloedjeng poenika pantjèn boten wonten awonipoen. Nanging patraping panjoewoen, oetawi sarananipoen, pantji pantes dipoen-getoeni.

Sadèrèk Drijawangsa Chefredacteuripoen serat kabar waoe, njaroewé lalampahan ing Pandak poenika: „... Kaloe orang jang djoeal „djimat" moesti ditangkep kerna dipandeng „menipoe", atawa laen sebab, apakah kedjadian di Pandak itoe tida lebih dari orang jang djoeal djimat??" (Mangka, ... pènget sadèrèk Drijawangsa poenika kalebet gegémbonging Parté Sarikat Islam Indonesia).

Manawi kita angrembag sasandoenganipoen woekerbestrijding, kita mesti inggih ladjeng kèngetan prakawis *ngabotohan.*

Sok tijanga mangertos bilih ngabotohan poenika kerep dados margining tijang kedjiret lintah darat. Manawi djiretaning lintah darat saja ningseti, tijang makaten waoe ladjeng kerep kémawon mentala nganggé arta ingkang dédé gadahanipoen.

Manoet pétanganipoen Algemeene Rekenkamer ing salebeting Departement pinten-pinten kala taoen 1929 wonten tindak salingkoehan arta rambah kaping 355, nelasaken banda f 158.462,845.

Salingkoehan arta sadèréngipoen taoen 1929, nanging ingkang konanganipoen saweg kala taoen 1929, wonten rambah kaping 45, anelasaken arta f 34.524,93.

Dados goenggoengipoen sadaja wonten f 158.462,845 + f 34.524,93, wonten f 192.987,775.

Arta semanten poenika boten sakedik! Lan katah-katahipoen anggènipoen sami salingkoeh waoe kabekta saking kawon main, ingkang toendonipoen ladjeng kekatahen samboetan.

Amila tijang ingkang nedya merangi lintah darat, kadjawi angitjali padatan-padatanipoen bangsa ingkang boten saé inggih kedah toemandang *angleboer ngabotohan.*

Nitik atoer koela ing nginggil, ... inggih tétéla bilih toelada poenika ingkang bakoe pijambak!

Poenapa perloenipoen bengak-bengok merangi lintah darat, menawi badanipoen pijambak nglampahaken arta mawi anakan ingkang sami kémawon kalijan lintah darat bangsa Tionghoa, Arab, lss?

Poenapa perloenipoen propaganda woekerbestrijding, manawi badanipoen pijambak anjontoni awatak boros, karem ngabotohan sasaminipoen?

Koela matoer makaten, awit Patjar Mérah mangertos wonten sawenèhing panoentoen tindakipoen njoelajani kalijan ginem toewin seratanipoen!

Kumuningsaselé 28 September '30.

Taklim: *Patjar Mérah.*

CORRESPONDENTIE.

Abn. 624. Karangan pandjenengan koela ladjengaken dateng S. K. Kita Adm. Sw. T. sampoen ngoeroes: Pandjenengan kanggé taoen 1930 mila sampoen sah; déné blanco postwissel waoe kados boten saking kita, djalaran kita saweg badé ngintoeni [wara-wara nginggil!]. Bab pandjenengan boten tampi lembaran poenika, kita boten saged damang; djalaran saben-saben Sw. Tm. inggih kakintoenaken. Bokmanawi lepatipoen doemoenoeng wonten ing margi; tjobi kaoeroesa!

Prakawis ingkang gandèng kalijan S. K. Adm. badé saos wangsoelan.

Saking sd.-sd. *G. Bericht; C. Soed. Wedi; Gadjah Madha* Red. sampoen tampi karangan^2; nanging saking katahing copie dèrèng saged matjak.

Sadèrèk Fred. Toetiboedhiati. Kita sampoen tampi oegi karangan pandjenengan, nanging saking pamawas kita, kados kirang prajogi manawi kapatjaka. Sampoen andadosaken panggalih!

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
moerah

DJOKJA Telf. 252
BANDOENG Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja
SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran
Swara Tama
dapat POTONGAN.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN
SAÉ TOEWIN AWÈT
INGGIH NAMOENG
MERK GAZELLE
INGKANG AWOEDJOED
ALCYON
DUNLOP
R. I. W.
RIJWIELEN

Nitjil kénging! – Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS – ROEMAH GIDANG
MALIOBORO – DJOKJA – TELF. 508.

Boeat toean poenja

Recept²

ERCEE

APOTHEKEN
Rathkamp
& Co
MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

TOKO BARANG-BARANG
H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak-anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permainan boeat anak-anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN MOERAH SEKALI!

Toko DJOEN & Co., Djocja.
PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah, dan paling baik boewat pembikinannja.

ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.

SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die giling dengan machine Electries, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tanggoeng sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedjiken dengen hormat
Toko DJOEN & Co.

AGÈNT KANGGÉ SALEBETIPOEN
NGAJOGJAKARTA.

Sepeda-sepeda merk:
SIMPLEX Cycloide, S. djené, S. petak sarta Simplex Transfer.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje sarta Woestduin.
TOURIST: A. A. sarta A.

Sedija oegi sepeda merk:
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE — BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONIG.

Sarta malih sepeda mirah wiwit pengaos f 55.—, f 65.—, f 75.— saprabotipoen: Klinting, pompa, lentéra sarta tas isi perkakas koentji sarta wadah lisah.

Mentas tampi per S.S. Slamet sarta JOH. de WIT sepeda merk: ROVER Imperial, continental, The Rover sarta Metallicus.

Sedija oegi Djas djawah, Kopper, Lentéra Stormking, Lemantoen tosan sarta tjèt wènter.

PENJADÉJAN KENTJÈNG SARTA KATJITJILAKEN.

Menawi perloe moendoet katerangan, badé kakintoen pratélanipoen kalajan lelahanan.

Njenjadang Welingan.

Rijwielenhandel Reparatie-inrichting en Smederij:
„WIRJOSOESENO"
Lodjiketjil 16. NGAJOGJAKARTA Telf. No. 13.

TJÈT GILAP wedalan FRIELING model A.

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

kawadahan ing blèg, netto 10 5 2½ 1 ½ kilo;
sablèg regi 10,50 5,50 3,- 1,30 0,75;

TJÈT GILAP model B. kanggé ndjawi lan nglebet namoeng kantoen ngagem; sablèg netto 10 kilo: f 8,50; 5 kilo: f 4,50.

PABRIK TJET R.B. FRIELING
Gondhomanan 80 — DJOKJA — Telefoon no. 784.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.-7.30.	Lamah	5.30-6-8.	Pekalongan 8)	6.30-8.	Kepandjèn	6-7-9.
Amboina	7.30.	Lawang 5)	7.	Pemangkat	8.30.	Anita Boul.	6-7.30-9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6-7.30.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta	6-7-8.30.
Bandoeng	6-7.30-9.	Magelang	7 9.	Poerworedjo	7-8.30.	Tandjoeng Balai	7.30.
Benkoelen	7.30-9.	Makassar	6-7.30.	Pontianak	7-8.30.	Tandjoeng Karang	8.
Blitar	7.30.	Malang	6-7.15-8.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti	7.30.
Buitenzorg	6-8.	Manado	6-7.30.	Salatiga	7.30.	Tara-Tara	7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30-8-8.30 (tjina).	Sambas	6-8.30.	Tegal	6.30-8.
Djember	7.30.		9.30 (mal.).	Sambong	8.	Tering	7.
Djokja:		Medari 6)	7.30.	Sawah Loento	7-8.30.	Tjilatjap 8)	7.30.
Kampementstraat Eur.	7-9.	Meester Corn.	7-9.	Sedajoe	7.	Tjimahi	6-8.
,, Jav.	6-8.	Mendoet	6-7.30.	Sedjiram	5.45-8.30.	Tomohon	7-8-9.
Kota Baroe	6-7.30.	Modjokerto	6-8.	Semarang:		Wates 7)	7.
Djombang 1)	7.30.	Moentilan	5-6-8.	Gedangan	6-8.	Weltevreden:	
Fort de Kock	7.30.	Muntok	8.	Bangkong	6.30-830.	Waterlooplein	5.45-7-9.
Gandjoeran 2)	7.	Ngawi 7)	7.30.	Tjandi	7.30.	Kramat	6-8-9 (mal.).
Gombong 3)	7.30.	Padang	7-8.15-9 (tjina).	Randoesari	7-9.	Wonosobo 8)	7.30.
Keboemèn 4)	7.30.	Padang Pandjang	7.30.	Singkawang	6.30-9.	Woloan	8.30.
Kediri	7.30.	Pajakoembo	7.30.	Soekaboemi	6-7.30.		
Klatèn	7.30.	Palembang	7-9.	Heuvel	5.30.		
Koeta Radja	6.30-8.	Pasoeroean 1)	7.30.	Soerabaja:			

1) 1e. Achad.
2) 1e. + 3e. Achad.
3) 2e. Achad.
4) 1e. Achad tiap² doea boelan.
5) 1e., 2e., 4e. Achad.
6) 2e., 4e. Achad.
7) 3e. Achad.
8) 3e. Achad.

Waragad kanggé sadjawining nagari (Buitenland).

Waragad pos oedara dateng sadjawining Indonesia:

I. Serat-serat lan postwissel kanggé *Nederland:*

a). serat, document, drukwerk, monster wawrat doemoegi 5 gram, 30 sèn; wawrat 5 doemoegi 20 gram: 75 sèn; wawrat sanginggilipoen 20 gram, saben 20 gram oet. kirang 75 sèn.

b). kartoepos, wissel 30 sèn.

II. Kintoenan serat-serat lan wissel kanggé Europa (kadjawi Nederland), Amerika Kidoel, tengah lan Lèr, Afrika Kilèn lan Lèrkilèn, manawi medal post oedara Indonesia — Nederland, kadjoedjoegaken ing Amsterdam ladjeng kateroesaken mawi lampah limrah, waragadipoen:

a). serat, document, drukwerk, monster, 75 sèn saben 20 gram;

b). kartoepos lan wissel: 40 sèn.

Serat-serat kanggé Europa (kadjawi Nederland) ingkang medal post oedara waoe, manawi doemoegi Amsterdam dipoenkintoenaken oegi mawi montor maboer ing Europa tanpa mawi waragad miroenggan.

Katrangan-katrangan prakawis post oedara poenika pandjenengan saged miterang dateng kantor pos.

Sadaja kintoenan medal post oedara, pérangan ngadjeng kaprenah sanginggil adrès sisih kiwa kedah dipoensoekani dalantjang mawi seratan: *„Per luchtpost / Par avion."* Kertas poenika waoe saged pikantoek lalahanan saking kantor pos lan kantor pos-pitoeloengan.

Amplop pos oedara. Ing kantor pos sakedap malih dipoensoedijani amplop dalah kertas kanggé pos oedara ingkang wawratipoen kirang saking 5 gram, kalajan regi kalih sèn.

Manawi nganggé amplop dalah kertas-pos oedara kaseboet nginggil, toemrap *serat dateng Nederland,* waragadipoen 30 sèn.

Kawontenan ékonomi moendoer.

Resident Malang nindakaken paniti priksa, perloe njoemerepi toemoesing pangiridan ing kaboedidajan-kaboedidajan bawah ngrikoe. Kaboedidajan ingkang soeka katrangan sampoen wonten 50. Katrangan waoe tjekap kanggé damel ringkesan sawanganing kawontenan ékonomining tijang siti ing ngrikoe. Grabjaganipoen, tetijang alit sami kapitoenèn 7 ton, margi soedaning pamedal kopi tijang siti, poenapa déné margi onderneming kopi sami njoeda bebaoe tijang siti. Manoet katrangan, ing salebetipoen taoen poenika tetijang badé kapitoenèn malih 7 ton. Anggènipoen makaten waoe gagandèngan kalijan lampah-lampahing pangiridan ingkang sampoen katindakaken poenapa déné soedaning padamelan-padamelan ing onderneming.

Manoet katrangan, tijang-tijang onderneming ingkang sami kapotjot poenika golongan hulpmachinist, mandor, djoeroe serat, toewin pambantoenipoen djoeroe serat.

Ing taoen poenika poenggawa ingkang tjalon kapotjot kiranglangkoeng: bangsa Europa 20, tijang Priboemi 100.

Manoet taksiran, salebetipoen 1931 soedaning ékonominipoen tijang siti apes wonten samlijoen roepijah: poenika dèrèng kapétang kalijan tetijang ing papan onderneming afd. Malang (gendis lan téla), margi onderneming poenika dèrèng wonten ngladosaken katrangan.

Sanadjan makaten, inggih wonten sawenèhing onderneming ingkang dèrèng poeroen motjoti poenggawa.

Wonten ing parepataning Malangsche Landbouwvereeniging kala 16 Sept. wonten raos ingkang kawedar bilih sok oegi saben onderneming amboedidaja saéning kawontenanipoen, wohipoen inggih badé saé. Saking golongan toewan kebon katitik bilih anggatosaken prakawis tetijang ngrikoe ingkang gesangipoen sarana ngoeli. Kadjawi makaten sami ihtijar sasaged-sagedipoen sageda tetijang ngrikoe, boten sanget-sanget katjingkranganipoen.

Kanggé ngèntèngaken rekaosing panggesanganipoen tetijang siti, wonten ihtijar: 1. Njoekani kadjeng karèt ingkang sampoen dipoengarap. 2. Tetijang kapoerih nglempakaken widji-widjining tetoekoelan ngewrat lemi. 3. Njoekani siti tijoet oetawi wijar kanggé sawatawis wekdal dateng tetijang siti, dipoenpoerih nanemi tetaneman ingkang moenfangati; makaten tjarijosipoen *Soer. Hndbl.*

Katjilakan.

P. Ragil kapentjil martosaken:

Dèrèng dangoe poenika ing Karangpakis (sip Salam Mtln.) wonten koeli njamboet damel arèn-arèn njoeroengi lori saking ngeban ageng dateng ril tèmplèk; saking kesesanipoen boten kèngetan jèn ing ngadjengipoen wonten kretegipoen, woesana tijang waoe ketjegoer medal sela-selaning ban. Saoewat ngrikoe kantoen 50 % gesangipoen. Dèrèng ngantos mantoen, kala tg. 20-9 '30 ing kidoel Tresan (Salam) wonten laré koeli rembangan dlamakanipoen kaplepes roda lori; laré kaoepakara wonten hospitaal Medari.

Tanggal 24-9-'30 wonten kasangsaran tijang kalih inggih margi lori wonten doesoen Poerwasari (Salam).

Kabar boten njata.

P. Ragil kepentjil njerat:

Ing lembaran Sw. T. no. 35 tg. 29 Augustus '30 panggénan oerapsari wonten ingkang ngabaraken bilih tg. 18 woelan September poenika ing Magelang wonten *iksamenan* pegantosan (petikan Sedya-Tama) poenika boten njata. Katah laré ingkang tebih-tebih sami dateng, ning djeboel boten wonten.

Tijang pados arta gampil.

H. ijo to martosaken:

Nalika tg. 24-8-'30 pak kadji Aboe kasan, Keboledan, Brebes ketamoean tijang tawi badé mlitoer.

Pak kadji sagah; lan kapoerih mlitoeri lemantoen koersi lan médja. Nanging tijang waoe semados dinten Senèn 2-9-'30.

Ongkos sadaja f 7,50 (tigang ringgit) nanging saweg dipoensoekani f 2,50 (seringgit).

Pengarang naksèni oegi. Tijang ngantos sapriki boten ketingal malih.

Katoeranggganing tijang:

I. Tijang nama Daspan, oemoer ± 43 taoen.

II. Jèn tjrijosan kados Doersasana.

III. Mripat ragi kèdeng sekediek (kéra).

IV. Dedeg, gagah inggil.

V. mBekta katrangan saking S.F. Bandjaratma; katrangan bilih tijang waoe tilas wakker S. Fabriek, lan mbekta oegi katrangan saking pandjenenganipoen Mantri-Politie (R. Arman) Tandjoengsari.

mBok bilih para sadèrèk ketamoean tijang waoe, soepados teroes kakintoen dateng politie kémawon, awit pijambakipoen ngapoesi kadji, Brebes.

Kabar saking Wedi, Klatèn.

C. Soedijati martosaken: *Djiwa Katholiek.* Wedi poenika sinaosa papan alit (onderdistrik), nanging tijangipoen Katholiek boten kirang saking tigang atoesan, dèrèng kapétang sedèrèk magangan.

Onderwijs. Ing Wedi wonten sekolahanipoen tiga: 1e. Standaardschool Katholiek, 2e. Standaardschool Moehamadijah, 3e. Openbareschool.

Kanggé golongan Katholiek analfabetisme (ngitjali tijang ingkang boten ngretos seratan) ing ngrika oegi katindakaken.

Cursus Walandi. Saking initiatiefipoen sedèrèk Moehamadijah ing Wedi kawontenaken cursus Welandi. Goeroenipoen saking H. I. S. Moh. Klatèn. Moeridipoen boten kirang saking 30.

Malaria. Manoet verslag kaonderan woelan kapengker, tijang ingkang katradjang malaria wonten 75 %.

Njaosi pirsa lahiripoen anak koela èstri,
nomer sakawan kala Ngahad 21 Sept. '30,
koela namakaken:

THERESIA VAN HET KINDJE JEZUS.

Laré saha iboenipoen wiloedjeng.

R. PARTAHARDJANA,
Bara, Kalibawang.

ECONOMIE.

ANDJOENDJOENG BANGSA.

Bravo! Makaten oesiking manah, sareng koela maos goebahanipoen sad. A. Boegel ing Swara-Tama no. 38 poenika. Bingahing manah koela tanpa oepami, mongkog ambedodog saredi anakan agengipoen. Koela sakomplot ingkang oegi manggèn wonten ing doesoen, malah kesingsal wonten pèrènging redi roemaos angsal sad. ingkang angekahaken tékading manah koela sakantja. Mila koela ingkang pantjèn étja-étja tilem, sarèhning soemerep idam-idaman koela meksa inggih ladjeng kapeksa brangkang-brangkang pados soewèkan kertas toemoet-toemoet animbroeng oeroen rembag.

Para sedèrèk! Pangandikanipoen sad. A. Boegel poenika pantjèn pantes sami koela gatosaken sasaged-saged oegi kedah sami koela tindakaken. Pantjèn padatan oetawi tatatjara-tatatjara kados ingkang dipoenpangandikakaken sad. A. Boegel poenika angalang-alangi dateng kamadjengan kita Djawi. Sinten ingkang saged ambéngkas pepalang waoe pantes sinoedarsana, moenggoeh sineboet „pangandjoer Djawi ingkang sadjati” lan koela keploki saking poetjaking redi: „Bravo, de ware Volksredder! Minoelja Sang Pangroewating bangsa!”

Manawi pandjenengan sami toemenga manginggil, sanalika priksa gebjar-gebjar, tanah Djawi ketingal soemorot mawa tédja angengoewoeng, kados-kados sampoen samestinipoen jèn tanah Djawi ladjeng mandirèng, koewagang madeg pribadi, sampoen boten pantes tn. Djawi taksiha dados kolonie. Lo, sarèh ta, sadèrèk! Pantjèn kasinggihan margi ingkang sami koela sawang waoe namoeng ingkang pantjèn sampoen gegedoeg saèstoe, oepami para Dr. Ir. Mr. lan Rr. sanèsipoen ingkang genah sampoen saged. Nanging poenika waoe pijambak, tanpa sadèrèk sanèsipoen poenapa sampoen mrantasi? Mila manawi koela nolèh dateng badan koela pijambak lan ing sakiwa tengen koela, ladjeng roemaos tanpa daja, nglempoeroek, baloeng kados dipoenlolosi. Tiwas pating kedeboeg anoendjang palang, tiwas namoeng babak boendas, toer tanpa pitoewas, awit pantji teksih katah roebédanipoen, ingkang anggodèli dateng kamadjengan kita. Tiwas kekiter, kekedjera kados brandjangan pisan, manawi dipoenbandoeli séla, tangèh sagedipoen moeloek ing gegana. Manawi pandjenengan mriksani ing ngandap, pandjenengan ladjeng badé roemaos: „kerot tanpa oentoe,” wonten djangka nanging kirang srana. Poenapa boten badé mandeg „luchtkastelen bouwen.”

Nagari poenika sagedipoen koentjara tata rahardja, para kawoelaning pradja kedah mondjo ing kapinteran lan kasoegihan, kalih-kalihipoen kedah gandèng dados satoenggal, manawi gotang salah satoenggal inggih ladjeng nama angoetjiwani. Tjekak kedah banda baoe. Ing mangka manawi pandjenengan nlasak ing padoesoenan ing ngrikoe tjeta, jèn sadèrèk koela ndoesoen katah ingkang teksih kekekirangan bab kalih prakawis waoe, inggih poenika: I. financeel lan II. Kamadjengan (sakolahan).

Bab I.: boten perloe koela atoeraken pandjang-pandjang, ing ngrikoe sampoen tetéla: 1. margi nitik kawontenanipoen balé pémahan.

Kaping 2 nitik tedanipoen ing saben dinten kémawon katah ingkang tjomprang-tjamprèng sanget, ingkang toendonipoen ladjeng damel rendetipoen bab II. inggih poenika kamadjengan. Margi saking kekirangan waoe katah sanget sad. ndoesoen ingkang ladjeng éman-éman njakolahaken anak, witjantenipoen sok makaten: „Ming anak koela mon kok, dèn! Disekolahké nikoe adjeng dadi napa?” Awit gagasanipoen: „Sekolah koewi rak mbajar barang, toer panganggoné ija koedoe pantes, doeroeng mesti bisa dadi prijaji. Aloewoeng dikon glidig menjang tebon, olèh limalasèn sadina lowoeng, kena kanggo tambal boetoeh.” Langkoeng malih laré èstri, wah sampoen ta angèlipoen ngoedoebilah, langkoeng-langkoeng ing mangsa panèn! Manawi pandjenengan ngadani sekolahan èstri wonten ing doesoen ing ngrikoe badé terang sapinten kemadjenganipoen laré ndoesoen. Mangka laré èstri poenika inggih perloe sanget pinter lan tampi toentoenan ingkang saé, amargi ing tembé badé dados iboe. Mangka iboe poenika pandemèning bangsa. Samangsa para iboe sami kampijoen anggènipoen anggoela-wentah, poetra-poetra ing tembé mesti katah ingkang dados djago patohan.

Para sadèrèk! Pantjèn inggih boten anggoemoenaken manawi sad. ndoesoen poenika sami katah ingkang tjomprang-tjamprèng, awit pamedalipoen boten sapintena toer kapeksa ngedalaken betah katah sanget, ingkang perloenipoen kanggé noetoeti temboeng „loemrahing oewong.”

a). Bab soembang-sinoembang.

b). Tata-tjara ndoesoen: Roewahan, Moeloedan, maleman, Soeran enz.

c). Sedekahan: Njoengkoep, ngidjing, njoertanah doemoegi njèwoe.

d). Tata tjaraning ngagesang: mantoe, tetakan, tetesan, tingkep, nglimani, brokohan enz. enz.

Mangga para sadèrèk koela atoeri ngétang pijambak telasipoen prekawis ing nginggil waoe, ingkang katjeta ing a. b. c. d. Mila koela inggih moefakat sanget dateng tjeloeloekipoen sad. A. Boegel. „Apa kaja mangkono maoe ora betjik diilangi baé ta?” Koela sakomplot matoek kasoekan oetawi tata-tjara ingkang tanpa goena poenika itjal babar pisan. Kados déné gadah damel: mantoe inggih sapantesipoen kémawon, nolèh dateng wragadipoen roemijin, sampoen kok ladjeng ndjagèkaken soembangan, géjong-géjong anggantoeng gong, bareng boebar omahé nglojong. Makaten poenika kirang nalar sadèrèk! Sampoen adjrih dateng temboeng „Ora loemrahing wong.” „Limrahipoen ing doesoen sami adjrih dipoenoengelaken „ora loemrahing wong.” Woesana sanadjan ndjoengkir ndjempalik inggih dipoentemah anggeripoen boten kataman tetemboengan waoe. Tetemboengan waoe kedah dipoensingkoer ingkang tebih, namoeng kedah amenggalih „migoenani apa mitoenani, begdja apa tjilaka.” Jèn badé aniwasi sampoen dipoenlampahi. Sasat oela marani geboeg, manawi meksa nékad.

Sampoen sawatawis dangoe koela sakomplot sami njobi boten perloe njoembang dateng tijang gadah damel. Dipoenoendang, dateng, nanging boten njoembang. Pantjèn inggih radi awrat sadèrèk, awit mesti kerep kanggé patjitan, kanggé sambèn timbang nganggoer oetawi kerep dipoenplèroki saking kiwa tengen, nanging boten dados poenapa. Alle begint is moeilijk. Pantjèn inggih njata.

Soembang-soembangan poenika koela pantjèn boten matoek, kedjawi lo, toemrap tijang kasangsaran oetawi kapesan, poenika sasaged-saged kedah dipoenpitoeloengi. Kados déné tijang gadah damel mantoe, tetesan enz. poenika waoe sadaja rak sampoen dipoenpikir oetawi dipoenrantjang sadèrèngipoen, dados sampoen saged nginten-nginten lan saged ngoekoer sapinten kakijatanipoen. Malah wonten oegi tijang ingkang gadah damel, ingkang dipoenpentingaken anggènipoen badé pados soembangan, poenika klintoe sanget, lepat-lepat dados bajangan.

Jèn mila tatanan soembang-sinoembang ing Djagad Djawi taksih lestantoen kados samangké poenika, economie Djawi langkoeng-langkoeng ing padoesoenan mesti boten badé mindak saé, amargi gèk sapinten kémawon telasing arta ing sataoen-taoenipoen ingkang toemandja dateng soembangan. Kados pangandikanipoen sadèrèk A. Boegel, terkadang jèn boten gadah arta sok ladjeng poeroen nabrak dateng lintah darat. Boten sakedik sadèrèk ingkang sami dados memangsaning lintah darat. Koela takèk-takèkaken oetawi koela étang-étang saremanipoen arta njamboet dateng Tionghoa mindring poenika ratjak-ratjak 300% sataoenipoen. Dados saben sataoen gadah pamedal f 40, poenika, ingkang kanggé betah pijambak f 10, sanèsipoen f 30 kanggé presèning Tionghoa. Wah, poenapa boten badé kasakit-sakit sateroesipoen. Dateng poendi toemandjanipoen arta anggènipoen sami njamboet damel para sadèrèk koela Djawi? Mangga para maos koela atoeri menggalih! Mangga sami toemandang andjoendjoeng bangsa, anjirnakaken pepalanging kamadjengan.

Ing wasana sadaja wawasan koela waoe mangsa boronga.

Noewoen: Arga poera 24-9-'30.
Poen PAK. TA.

KASARASAN.

SADAJA INGKANG MAÉDAHI SAMPOEN NGANTOS ITJAL KASILEP!

Poenapa ta poenika, teka maédahi? Djampi wedalan saking redi Kawi. Lo teka dédé djampi wedalan redi Himalaja, redi Slamet oetawi Merbaboe? ambok djampi wedalan redi Merapi, awit kabaripoen redi latoe poenika panggènanipoen bangsa sétan, éblis toewin perajangan? Ah boten sadèrèk, awit poenika djampi kanggé bangsa Djawi, wedalan tanah Djawi ingkang pantjènipoen kedah kanggé, sabab maédahi, nanging sarèhning katah tijang ingkang dèrèng mangertos mila badé koela andaraken kagem sadèrèk-sadèrèk Djawi, sampoen ngantos barang ingkang katah paédahipoen ladjeng itjal kasilep, boten naté kagem djalaran boten naté kapireng oetawi dèrèng naté priksa.

Ratjakipoen prijantoen Djawi, bilih oeroes-oeroes sami nganggé kastroli, wonderolie of kastrolie; nalika koela taksih dados moerid taksih sekolah manawi oeroes-oeroes inggih nganggé kastroli, toembas ing toko 10 sèn oetawi 3 bènggol sampoen tjekap. Sapoenika manawi koela oeroes-oeroes boten nganggé kastroli, nanging nganggé djampi majar i. p. tjrakèn. Temtoenipoen para sadèrèk wonten ingkang goemoen mireng temboeng tjrakèn? Inggih, saweg mireng sapisanan poenika, kados poenapa roepinipoen? Agengipoen sapinten lan raosipoen kados-poendi? Tjrakèn poenika warninipoen djené soelak petak, wangoenipoen boender londjong, agengipoen sadjarak kepjar kapara radi alit sakedik, déné paédahipoen kanggé ngresiki madaran kotor alias oeroes-oeroes. Sinten nedya oeroes-oeroes kénging moendoet ing peken panggènanipoen tijang sadé djampi; kalih sèn angsal 4 idji. Tjrakèn 3 idji kémawon sampoen tjekap saged ngresikaken madaran reged satoenggal. Tjrakèn waoe kagetjeka kaboetjala tjangkokipoen, soepados isinipoen ingkang awarni petak saged adjoer, toemoentoen kaoental nganggé pisang moerih isi poenika boten nggepok ilat, sabab jèn nggepok anggadahi raos aor, ngantos 10—15 menit raos waoe saweg itjal.

Éndjing kaoental, watawis 4 a 5 djam anggènipoen ngedalaken rereged sampoen saged toentas. Majar saèstoe djampi poenika, ngoengkoeli kastroli saénipoen.

I. Salebetipoen ngedalaken rereged (mbeboetjal) boten oenegoenegen kados nganggé kastroli.

II. Gampil pangoentalipoen, tjekap nganggé pisang ⅓ oeler toer boten ngganda sarta boten ndjedjenesi kados kastroli.

III. Reginipoen mirah jèn kleresan 1 sèn sampoen njekapi angsal 3 idji, déné kastroli 3 bénggol of 1 ketip saweg saged ngedalaken rereged; sanèsipoen poenika ing salebetipoen oeroes-oeroes asring taksih ngganda kastroli.

Para bakjoe-bakjoe ing Internaat-Internaat sarta sadèrèk sepoeh-anèm manawi sapisan sampoen njobi nganggé tjrakèn, kaping kalih saha saladjengipoen temtoe kapok nganggé kastroli. Poenapa ta perloenipoen kita toembas djampi wedalan tanah mantja, jèn kita sampoen jakin soemerep paédahipoen djampi Djawi ingkang langkoeng saé sarta langkoeng énggal njarasaken sasakit, toer reginipoen mirah panganggénipoen majar, njobi sapisan teroes nganggé salaminipoen . . . . kanjataan sampoen linampahan déning sadèrèk Djawi maèwoe-èwoe. *)

P. Brata Amiséna.

---

*) Poenapa tjrakèn waoe sampoen naté kapriksa (onderzocht) ing dokter winasis? Jèn dèrèng, moegi wontena ingkang mriksakaken, soepados sageda kajektèn, manawi tjrakèn waoe maédahi tanpa niwasi. Jèn sampoen, poenapa pemanggihipoen inggih kados makaten? Jèn inggih, soekoer sanget. Awit poenika rak ladjeng saged dados toeking kasil lan dados djor-djoraning kastroli; pantes karatakaken ing tanah Djawi, malah pantes oegi kawedalaken dateng tanah sabrang poendi-poendi.

Jèn mila pantjèn makaten (= tjrakèn maédahi tanpa niwasi) tjobi, ènggal katandangana, sampoen ngantos keroemijinan ing tijang sabrang, sampoen ngantos kareboet ing sanès! Lan poenapa ladjeng badé mokal adeging pabrik tjrakèn Djawi, ingkang njebar wedalanipoen ing saloemahing djagad: ing Indonesiah, Asiah, Éropah, Afrikah, Amérikah, Oestraliah!!

Red.

BEZUINIGING!?!

Sampoen kaping pinten Sw. Tm. ngemot karangan ingkang atitel BEZUINIGING?

Nanging koela meksa poeroen ngedalaken ingkang atitel kasebat. Margi pangiridan waoe boten sembarangan-sembarangan kémawon, nanging ingkang badé dipoenbezuinig bangsa kaoem djempolan.

Sinten ingkang badé dipoenbezuinig?

Sadèrèngipoen, koela njoewoen pirsa doemateng para maos, sinten ingkang limrahipoen dipoenbezuinig?

„Prijantoen, lan koeli-koeli, sampoen ta, tjekakipoen bangsa kaoem berah; rak inggih ta?

Nanging bezuiniging ingkang badé koela atoeraken poenika, sanès bangsa prijantoen. Nanging kaoem minta-minta; inggih poenika para tijang miskin ingkang dipoenoepakara ing Armentehuis „Panti Poerbo Joewono” ing Klampok (Brebes). Menggah alasanipoen kas voeding ing Regentschapsraad Brebes telas. Nanging begrooting kanggé sanèssanèsipoen taksih.

—o—

Ing taoen 1917, nalika pandjenenganipoen Kangdjeng Boepati Soemartono swargi; taksih djoemeneng Boepati Brebes; ing doesoen Klampok katah tijang kapinten; sami doemawah ing katjingkrangan, woesana sami neda-neda dateng ing peken-peken.

Saking welasing ingkang Boepati kasebat dateng para tijang miskin waoe; oetawi saking kirang renaning manah; bilih bangsa kita katah ingkang klarahan kadya klaras; ingkang Boepati ladjeng ngawontenaken grija kanggé tetijang waoe. Nanging nalika poenika meksa dèrèng maremaken ing manah. Margi ingkang dados Beheerder tijang limrah kémawon. Dados tetijang miskin kirang opvoedingipoen.

Kotjapa ing taoen 1929 Beheerder gantos djempolan.

Para tijang miskin ingkang gadah sesakit dipoendjampèni ngantos mantoen; kadjawi poenika sami dipoensinaoni handenarbeid sekedikan. Laré alit-alit kasekolahaken. Ingkang poenika koela matoer: „Banjak trima kasih, toean D. Siagian. Beheerder P. P. J. di-Klampok, atas toean poenja pendidikan.”

Nanging meksa wonten malih ingkang damel gelaning manah; déné voedingsbegrooting ngantos telas. Lan nalika tanggal 4-9-'30 tetijang ingkang ketingal ragi saras kapoerih késah saking ngrikoe. Tijang ingkang sami wangsoel wonten 43, lan kantoen 48 (mèh 50%).

Temtoe kémawon tijang ingkang taksih gadah sanak-sedèrèk lan grija, boten mekéwoeh. Jèn ingkang nihil kados-poendi?? Mangka djaman samangké tijang pados menir ngrekaos sanget. Tijang ingkang nihil waoe kinten-kinten inggih wangsoel dateng ngandap kreteg malih.

„Doeloe orang miskin di tjari.”

„Sekarang orang miskin di lempar.”

Tijang ingkang sami wangsoel waoe sadjak sami sisah lan getoen, nilar P. P. J. djalaran wonten ngrikoe sami ngraosaken seneng.

Poenapa boten kénging kanggé neboki begrooting sanèsipoen waoe? Poenapa boten badé katah tijang miskin toeroet loeroeng lan pasar malih?

Boten langkoeng koela namoeng gadah pangadjeng-adjeng soepados P. P. J. bèrès malih.

Noewoen koela
H. ijo ta?

VARIA

SINTEN NEDA LOMBOK DJEMPLING, ANDJEMPLING.

SINOM.

I

Doeh prikantja ingkang samya
Memajoe ajoening boedi
Oeloen dahat tjoemantaka
Toer noepiksa mrih oetami
Kanggé mangsa poeniki
Gya ambirat watak kaloet
Tjari pendok kang soepadya
Makolèh diri pribadi
Karja tjamah tanapi tjrahing kekadang.

II

Saiba loking sardjana
Moewah kang dèn toer-atoeri
Kalamoen limpat sanjata
Dèn goejoe ndjro sanoebari
Tjari moeka kang litjin
Wedaling sabda sing toetoek
Tan nggalih tedas-ira
Kadahoet ambabajani
Apan dadya moesibat toembak tjoetjoekan.

III

Risico tan saged ontjat
Ngebjoeki angganta jekti
Hyang kang moerba wasésa
Tan samar ing agal rempit
Destoen kadoewoeng woeri
Kataman sangsarèng hidoep
Dèn tjetjengès koela-warga
Para mitra datan soedi
Ing wasana mandjila gya njemploeng kotak.

Oewoer^2 geni Semarang.

PILIHAN LOERAH DOESOEN WATES DOEKOEN MOENTILAN tg. 17-9-'30.

Wiwit sadèrèngipoen loerah lami njèlèhaken kalenggahanipoen sampoen ramé kabaripoen badé komplangan loerah.

Mila tijang-tijang ingkang wonten koekoeban kloerahan kaseboet roemaos saged ndjangka, oetawi kedoegi njalon, mangka kasembadan (tjekap) sampoen wiwit tata-tata (soemekta); sasoemerep koela boten ngemoengaken tetijang koekoeban kloerahan ngrikoe kémawon ingkang ébah, mandar sanès kloerahan oegi wonten ingkang toemoet-toemoet gègèr (riboet) badé njalon.

Wiwit mas loerah sampoen boten kepareng nindakaken pedamelan; pendak daloe katah tijang ingkang pating tlengseng dateng salah satoenggaling sawoeng-sawoeng mandar kaprahipoen inggih dipoenradini (sawoeng-sawoeng waoe dipoendatengi sedaja), wonten ngrikoe neda, ngombé wédang dengan gratis toer saben daloe. Wonten panggènanipoen sawoeng-sawoeng tijang waoe boten namoeng neda-ngombé wédang kémawon; inggih gadah rembag werni-werni ingkang wosipoen béndjing milih pandjenengan, manawi pikantoek sawoeng ingkang mloto mangké wangsoel sampoen pikantoek pesangon toembasan ses, nanging kaprahipoen béndjing manawi sampoen tjelak; oetawi malemipoen pilihan saweg sami pikantoek arta. (panoembasing biting) boten ses, segélo, kalih gélo, manawi kradjanipoen ageng sok ngantos doemoegi gangsal gélo saben tijang; dèrèng botoh-botohipoen sekedik-kedikipoen f 50 (vijftig), mangka gèk pinten 'mbotoh, mila ingkang boten dados sok asring nglaloe poenapa, la-wong kados mekaten tjaranipoen.

Teda lan arta dèrèng tjekap kanggé pawitanipoen magang loerah; inggih kedah ingkang andap asor, lan oegi mesoe raganipoen; kadosta wonten ingkang tirakat dateng koeboeran; wonten ingkang kapoerih ngoebengi sedaja bawhipoen dekahan ingkang dipoendjangka, semanten rekaosipoen; namoeng ingkang katah-katah ingkang sampoen dados kok boten *ngèngeti dateng bab-bab ingkang dipoenlampahi nalika saweg badé magangipoen: katah-katahipoen ladjeng* . . . Jodja, Solo, hotèl montoran; ingkang sanès bawah Jodja, Solo mestipoen, moempoeng-moempoeng.

N. B. Kantja loerah sanèsipoen ingkang roemaos boten, sampoen ndadosaken penggalih, ingkang koela atoeraken, ingkang sampoen koela soemoeroepi, lan kaprahipoen, boten sedaja lo, mas loerah. Sokoer manawi katah ingkang kèngetan kalijan moela boekanipoen, panjerat ndèrèk bingah. Sokoer-sokoer.

Wangsoel dateng pilihan Wates. Ingkang boten dados temtoenipoen greges-gregesipoen saèstoe; margi wekdal anggènipoen nglempakaken tijang ragi tamban (dangoe), saoepami sedaloe-daloenipoen telas f 5 kémawon sampoen pinten atoes ingkang kanggé nedani tijang waoe; dèrèng anggènipoen mbajari. Wiwit loerah lami dipoenkèndelaken roemijin doemoegi toemapaking pilihan kirang djangkep wonten 8 woelan; kepara langkoengipoen ragi katah. Mangka samireng koela wiwit poenika sampoen wonten ambet-ambetipoen sawoeng ingkang nglempakakén tijang. Temtonipoen botoh-botoh anggènipoen ngriwili sawoeng-sawoeng inggih ragi katog tijang semanten dangoenipoen. Malemipoen pilihan ombjaking tijang ingkang sami badé . . . . . bitingipoen kados semoet, oetawi laron medal saking lèngipoen, pating kleper ngalèr, ngidoel, ngétan ngilèn, dateng panggènanipoen sawoeng-sawoeng; mbokmenawi ragi wonten tjoewanipoen, déné sawoengipoen kok namoeng 3: mbok ja genep ka 6 rak rada sedengan.

Éndjingipoen: (dintenpilihan); kemritig lampahing tijang noedjoe dateng papaning pilihan (dateng Djoewana Doekoen). Boten ngemoengaken tijang ingkang badé milih kémawon ingkang sami mrikoe, nanging penonton oegi boten kantenan katahipoen, (kepara katah ingkang ningali kalijan ingkang badé milih).

Pemilih (koeli kentjeng wonten 195) ingkang dateng namoeng 176, déné ingkang sami ningali kirang djangkep 250 tan (panjerat njatakaken pijambak).

Sasampoenipoen koeli-koeli dipoenrolis. (dipoentjotjogaken). Bandara Wadana medar sabda; bab-bab ingkang perloe, sarta gepokanipoen koeli dateng loerah, oetawi loerah dateng prabotipoen: kadosta bab persèn arta tjowokan sadé tinoembas roemijin 8% sapoenika kantoen 5% poenapa 6% panjerat boten patos tjeta margi tebih; lan gebrebegen soewantening tijang; bab pangedoeming bengkok; rèhning bengkok sadaja namoeng 7 baoenan; mangka wonten prabot 12.

Setoenggal-toengaling prabot pikantoek 60 roe; kaoem 20 roe; loemajan; telas prakawis-prakawis bab ingkang magepokan koeli dateng loerah; lan loerah dateng prabot Bendara wedana neksèkaken, oetawi ndangoe dateng setoenggal-toenggaling sawoeng; saé sedaja, lan poenapa boten komminis: poenapa sedaja wedalan sekolahan, (saged njerat), kanti kanjatakaken sami kapoerih njerat, oetawi tèken. Sasampoenipoen rampoeng sedaja ladjeng pandjenenganipoen A. W. ngrolis, nimbali dateng setoenggal-toenggaling koeli ingkang badé nglebetaken biting dateng boemboeng. Noewoen, ragi klangkoengan sekedik; sasampoenipoen sawoeng pinanggih saé sarta saged njerat sedaja, ladjeng sami kaparingan gendéra setoenggal-setoenggal ingkang tjotjog lan gendéraning boemboeng.

Bandara setèn nimbali koeli; wonten prijantoen setoenggal malih ingkang maringi bitingipoen: nalika koeli-koeli wiwit sami nglebetaken biting dateng boemboeng, soewantening penonton boten kanten-kantenan; ngantos damel ndredeging tijang ingkang sami badé nglebetaken biting; oetawi sawoeng-sawoeng mbokmenawi inggih ragi tak-tik.

Rampoeng anggènipoen sami nglebetaken biting, penonton ladjeng wiwit ramé malih, rebat ngadjeng mergi badé soemerep anggènipoen ndoedah. Doemoegi pada loengsinipoen sada 176 mlebet dateng boemboeng 3, poetoesanipoen ingkapetjah roemijin pikantoek 25 idji

„ no. II „ 47 „

„ kantoen pijambak „104 „

Dèrèng rampoeng pangétangipoen ingkang kantoen pijambak; sawoeng 2 ingkang kapetjah roemijin boemboengipoen sampoen sami ngetjap gadjah (alijas mbolos). Katetepan ingkang kantoen pijambak ingkang dados mergi pikantoek sepalih langkoeng. (104 ngaten).

Tetijang sampoen sami bibaran; kantoen ingkang dados kalijan bandara setèn Doekoen ingkang kantoen; paring sesorah oetawi andaran katah-katah dateng mas loerah anjar katon.

Panjerat oegi ndèrèk memoedji soepados mas loerah énggal sageda énget dateng bab-bab ingkang sampoen dipoenlampahi nalikanipoen saweg badé madjeng.

Boten langkoeng ngatoeraken pasoegengan. (P.f.).

Déné sebab-sebabipoen loerah inkang dipoengentosi mbokmenawi boten soesah koela atoeraken wonten ngriki sampoen tjeta; ingkang temtoe babagan . . . . . paos oetawi sapoenika wonten malih inggih poenika bon gendèng (gendèng pestbestrijding).

Sanadjan panjerat boten kétjalan oetawi; wèk-wèké déwé, toemoet éman sapoenika ladjeng . . . . kesangeten: inggih menawi wèké déwé saèstoe boten patosa; manawi ladjeng mrèntèk; kadosta kagoenganipoen negari oepami paos; rak sisah, kirang bedjanipoen masoek kandang tikoes; hotèl goepermèn; gratis. Vrij van port.

Penonton J. KOES.

SAJOEMBARA.

Pemimpin inggih poenika orgaanipoen P.P.B.B. (Perhimpoenan Pegawai Bestuur Boemipoetera), ingkang nembé medal poenika, njarijosaken bilih wiwit Augustus '30 saben 2 woelan sapisan badé damel sajoembara karangan, ingkang maksoeding karangan katetepaken déning red. pijambak; lan sinten ingkang saged poetoes badé tampi gandjaran boekoe.

Kanggé wiwitan sajoembara poenika redactie milih ingkang gampil, inggih poenika: Kados-poendi réka dajanipoen ngadjengaken pamoelangan doesoen.

Tjobèn-tjobèn sajoembara ing nginggil poenika saé sanget, djer poenika ngantawisi, manawi redactie P. P. B. B. menggalih èstoe dateng adjenging pasinaon, ingkang mila njata ageng paédahipoen dateng para kawoela.

Nitik sajoembaranipoen ingkang kanggé wiwitan poenika, koela saged mastani wontenipoen pemimpin saben-saben badé damel sajoembara poenika, boten namoeng badé ngangkah katahipoen loemebeting karangan-karangan kémawon, wangsoel badé ngangkah soepados para prijantoen B.B. saged saja damang lan nggampilakan toemindaking anggènipoen nindakaken koewadjiban; djer para prijanioen B. B. makaten saèstoenipoen inggih dados panoentoening para kawoela ingkang toendonipoen saged mikangsalaken para kawoela (moerih kabegdjaning bawahipoen) dados boten namoeng ngentjengi panariking paos, mbalapaken para loerah-loerah bawahipoen rebat roemijin ngloenasi paos dateng kolèktoran, njaèkaken pager-pager pakawisan, mijaraken margi-margi doesoen moerih para lelana mawi motor sampoen ngantos ketjoewan langkoeng malih para toean^2.....

Wedalipoen sajoembara ingkang kaseboet, mratjihnani manawi Pemimpin gadah kajakinan: jèn prijantoen B. B. ngadjengaken pasinaon poenika boten tjekap srana dawoeh kémawon, nanging kedah mboedi daja kados-poedi sarananipoen. Ingkang makaten poenika mila kasinggihan sanget. Djer tijang sepoeh ingkang anggènipoen njekolahaken anak namoeng adjrih dateng dawoeh, adjrih manawi badé tampi doeka saking Bendara Wadana oet. Bendara Setèn, poenika sasat boten teges. Boten sekedik loerah-loerah oetawi prabot-prabot doesoen ingkang nalika andawoehaken sekolah mawi dipoenèmbèl-èmbèli tetemboengan: ora kétoeng nèk wis mleboe sasasi rong sasi ndjoer metoe kaé, anggeré saiki wis kétok sekolah rak ija kena. Lidok, ing wiwitaning woelan pasinaon moerid saged njekapi katahipoen, dèrèng ngantos setengah taoen tjatjahing moerid énggal sampoen boten wonten sepalih, moerid lami soemerep kantjanipoen saja soeda toemoet béka, kerep boten mlebet, kerep pamit roepi^2 santolanipoen, poen goeroe kedah kerep moeroegi dateng grijanipoen, apes melingmelingaken dateng kantjanipoen kapoerih mlebet.

Rèhné moerid ingkang medal katah mas goeroe ladjeng pikantoek tjap boten saged moelang, boten saged momong laré, kekerengen lsp. saking ndara Siner ndara Setèn oetawi ndara Dana. Mangka inggih makaten poenika wohipoen pasinaon ingkang namoeng mligi saking dawoeh. Andèkpoena wonten A. W. ingkang boten rena kanti sanget bilih wonten goeroe ingkang ndèrèk koprènsi oetawi kempalan doesoen, ingkang perloenipoen badé ngrembag moerih adjenging pasinaon; ngendikanipoen sampoen kekerepen anggènipoen ngrembag, toer oepami dipoensoewoeni priksa: ing salebetipoen setaoen anggènipoen ngrembag moerih adjenging pasinaon wonten koprènsi distrik oet. ond. distrik oet. ing kempalan doesoen, sampoen kaping pinten? Kinten koela A. W. waoe anggènipoen paring wangsoel meksa radi ketjipoehan. Sampoen tebih keplantrang koela, sapoenika wangsoel bab sajoembara. Ing sarèhné adjenging pasinaon poenika tjeta boten tjekap dipoeksranani dawoeh, mila matoek sanget wontenipoen sajoembara kaseboet nginggil.

Sadèrèngipoen sajoembara tatas (rampoeng), panjerat tjaos pamrajogi dateng para kawogan ngadjengaken pasinaon, moegi sadèrèngipoen dawoeh, langkoeng roemijin ingkang badé kadawoehan kangertosna bab paédah lan kanggénipoen sekolah. Soepados ingkang dawoeh lan ingkang dipoendawoehi saged ngretos preloenipoen sekolah, temahan ingkang tampi dawoeh saged sreg, doenoeng, ngretos, ngemen-emenaken pamredining anak dateng adjenging pasinaon. Saja matoek malih manawi dedawoehan waoe mawi dipoenboekani koewadjibaning tijang sepoeh dateng anak. Déné jèn sajoembara sampoen rampoeng moegi ladjeng kaagema toemandang; kagem sesoeloeh lan nggiring laré^2 Indonésia djaler-èstri dateng pamoelangan ing Indonesia tanpa mawi pilih^2.

Pemimpin P.P.B.B. anggènipoen ngedegaken sajoembara boten namoeng sapisan poenika. Ing nginggil sampoen koela atoeraken bilih badé sateroesipoen saben kalih woelan sapisan. Ing nginggil koela oegi sampoen nginten bilih kadjengipoen boten namoeng kanggé ngatahaken lebeting karangan, nanging kanggé njampoernakaken anggènipoen koewadjiban dados panoentoening para kawoela. Ééé poenika panginten; boten namoeng moegi-moegi panginten koela waoe sageda njata (kelampahan saèstoe). Anggèn koela njenjoewoen moerih panginten koela netesi, namoeng ngèngeti genging paédahipoen jèn ta makatena. Dados boten ngangkah dipoenwastani metèk.

Njambeti anggèn koela sampoen keladjeng metèk antjasipoen Pemimpin P.P.B.B. ing nginggil bab anggènipoen ngadegaken sajoembara, koela satengah mestèkaken jèh oegi badé ngedegaken sajoembara: *kaprijé réka dajané ngadjokaké tetanèn, réka dajané ngilangi lintah darat, réka dajané ndjaga kasoesilan, réka dajané mbetjikaké ékonominé para kawoela* lan sapanoenggilanipoen.

Panjerat sasat nemtokaken jèn P. P. B. B. oegi boten marem jèn namoeng pinanggihing réka-daja réka-daja ing nginggil kémawon, nanging oegi ngorong dateng boektinipoen.

Anggèn koela kami-poeroen nginten-inten bab antjasipoen P. P. B. B. ingkang medal margi adjenging sajoembara kados orèhan ing nginggil boten nama ngonggrong P.P.B.B., nanging oegi ngèngeti tjaraning pados pakoermatan (adji) oetawi daja prabawa ingkang sampoen kaserat ing Pemimpin P. P. B. B. ingkang koela wastani ngambah margi ingkang saé leres lan mitajani, inggih poenika ingkang moengel makaten: „ . . . . . sekalian bawah perintah mesti merasa, bahwa dirinja ada di bawah itoe Chef tiada lantaran pangkatnja (lebih rendah) akan tetapi lantaran dari kelakoean, dari tabiatnja (keloehoeran batin), dari pengetahoean, dari kepandaian, dari ketjakapan, dari keradjinan dll. Saèstoenipoen ingkang kedah mekaten waoe boten namoeng Sèp kémawon, nanging oegi toemrap para prijantoen sanèsipoen.

dll. (dan lain-lain) ing nginggil panjerat ndèrèk njetakaken setoenggal oepami: „dari sikapnja P.P.B.B. jang bermaksoed seperti maksoed perlombaan jang saja (H. Tjitra) rentjanakan diatas.(1)

Minangka panoetoep koela ngambali pamoedji koela sepisan engkas: moegi-moegi panginten koela ing bab antjasipoen P. P. B. B. ing bab wontening sajoembara sageda tjotjog!

H. Tjitra.

PAKABARAN.

SAKING KLATEN.

Sèrkoelèr boten pareng main.

Sampoen sawatawis woelan poenika, ing Klatèn langka prijantoen sami main, katitik jèn noedjoe wonten ing padjagongan, namoeng sami omong-omong kosong, menggah sababipoen: nalika dd. 25 Juli '30 Kantor-kantor goeperménan, saha pamoelangan goepermèn sami tampi Sèrkoelèr saking A. R. kados ing ngandap poenika:

Lantaran soedah beberapa kali kedjadian wang kepoenjaannja goepermen digelapkan oleh pegawe goepermèn jang djadi tanggoengan ambtenaarnja masing-masing, dengan soerat ideran Kangdjeng Toewan 1e. Gouvernement Secretaris tertanggal 4 ini boelan no. 1481/A. I. telah disijarkan titah Kangdjeng Toewan Besar Goebernoer generaal akan melarang pada ambtenaar-ambtenaar Gouvernement, baik jang poenja tanggoengan wang atau tida, boeat berdjoedi atau toeroet permainan lainnja jang bertaroekan wang.

Barang siapa jang tak mengindahkan perintah diatas akan dipersalahkan „tidak menetepi wadjib dan bisa dilepas dari djabatanja, dengan atau tida dengan hormat".

Makaten oengeling sèrkoelèr waoe, mila sadaja pegawai goepermèn ingkang tesih ngowel dateng kalenggahanipoen, manoet oengeling sirkoelèr, toemoet abang-idjo kémawon inggih sampoen boten wani, jèn noedjoe mirsani balapan inggih boten wani totohan. Éwasamanten nadjan koela pijambak kala-kala jèn wonten abang-idjo inggih sok toemoet, Sèrkoelèr waoe mesti koela aosi sanget, malah sageda boten ngemoengaken pegawai goepermèn.

Bebajaning main lan ngabotohan sanèsipoen.

Para sadèrèk.

Pandjenengan sadaja tertamtoe boten sami kekilapan, jèn tanah kita Indonesia ngriki sampoen lami katradjang ing ama ingkang saged ndjalari damel moendoering economie lan kemadjenganipoen bangsa kita Indonesier. Inggih poenika main oetawi ngabotohan sanèsipoen.

Pinte-pinten bangsa kita Indonesier, inggih tijang alit, inggih prijantoen ingkang sami ketradjang oetawi nggebjoer toemoet main oetawi ngabotohan makaten. Kang mangka jèn sampoen katjokot lan kerep nglampahi, ladjeng toeman, woesana ladjeng dados karemenan. Jèn boten.......ngraos gela, ketagihan, Angèl anggènipoen saged mantoeni oetawi. medot babar pisan. Ingkang mekaten waoe. pantjèn memelas, éman........sanget!!! Amargi:

Karemenan main oetawi ngabotohan kedjawi saged ndjalari moendoering economie lan kamadjengan, oegi saged ndjalari ngrisakaken kesarasan, gesang lan ngètèraken pendamelan. Jèn kawon kerep saged noewoehaken gagasan ingkang boten saé oetawi dados raboeking lintah darat, ingkang saweg kaoedi késahipoen saking tanah kita ngriki déning para pengandjoer-pengandjoer Indonesier.

Langkoeng memelas lan mesakaken malih anakipoen, ingkang pantjènipoen kedah kasekolahaken, kaoedi dateng kemadjengan. Nanging makaten waoe poenapa saged toemindak jèn wragad (artanipoen) telas kateda koetjing, babi..........; alias kawon main???

Sapoenika kados-poendi main lan ngabotohan sanèsipoen waoe toemraping golongan kita gotrah Katholiek? O, poenika sanget mbebajani lan moetawatosi sanget. Amargi jèn kelantoer-lantoer, kedjawi saged ndjalari kawontenan-kawontenan kasbat nginggil, oegi sanget njoedakaken anggènipoen netepi koewadjiban dawoehing Iboe kita Pesamoean Katholiek. Malah ingkang katah saking anggènipoen karemenen, ladjeng verlof.

Sampoen semanten kémawon roemijin, béndjing minggoe ngadjeng kepanggih malih.

Aksamanta, laré Pangèn.

Percy Blakeney.

SAKING POERWAREDJA.

Poenapa prajogi kerep wonten tetingalan?

Sanadjan kita Poerwaredja kita alit, boten patosa ramé lan sepi ing tetingalan jèn ta katimbang kalijan Ngajodja, Solo, Semarang, l.s.p., ananging ing salebeting woelan Juni t/m September taoen poenika kénging koela wastani panoedjoe djawah tetingalan, kadosta:

1. *Woelan Juni pasar malem Mardi Siswa; angsal-angsalanipoen arta kartjis f14000.*
2. *Tanggal 30 Aug. t/m 1 September kraméjan (katah tetingalanipoen) kanggé miwaha djoemenengan 50 taoenan.*
3. *Tanggal 30 Augustus t/m 13 September pasar malem Tiong Hoa, arta kartjis f18000.*
4. *Tanggal 17 September kedatengan setamboel Miss Riboet; saweg main 3 daloenipoen kémawon, arta kartjis ± f4100.* Poenika kémawon taksih katah sadèrèk ingkang boten èstoe ningali, margi boten oman kartjis. Saladjengipoen koela boten njipati.

Déné menggah anggèn koela saged njaosi katerangan angsal-angsalanipoen arta kartjis waoe, saking ngandikanipoen tepangan koela ingkang priksa lan kénging pinitados.

Para sadèrèk!

Mitoeroet angsal-angsalanipoen arta kartjis, kados ingkang sampoen kasbat nginggil, kita ladjeng saged soemerep: Semanten katahing arta, — mèh 98$^0/_0$ medal saking sakipoen bangsa kita pijambak Indonesiërs, ingkang toemandja kanggé ningali (toembas kartjis) kémawon, namoeng ing salebeting woelan Juni t/m September.

Poenapa inggih sampoen tjekap, tijang ningali namoeng toembas kartjis tok? O, babar pisan boten. Terkadang kabetahan oetawi karemenan sanès, arta ingkang kawedalaken wonten ing tetingalan ngrikoe (oepami ing pasar malem) kapara malah saged telas tikel 10 nipoen.

N. B. Ing nginggil kasoepèn dèrèng koela atoeraken, arta kartjis kanggé ing gedong bioscoop (1 panggènan) à woelan ± f 2000.

Para sadèrèk.

Dados sampoen tetéla sanget, jèn djagading tetingalan pantjèn moetawatosi lan ndrawasi dateng adjenging economie-nipoen kawoela Indonesiërs. Langkoeng-langkoeng jèn papan kerep wonten tetingalan ing ngrikoe temtoe badé saja risak. — Risaking economie saged ndjalari kirang tentreming gesangipoen, ing wekasan saged oegi damel risak lan soedaning tata tentreming pradja rahajoe.

Kala waoe koela sampoen matoer jèn kita Poerw. kénging koela wastani mentas djawah tetingalan. Sanget ndadosaken goemoening manah, sareng mireng kabar boten dangoe malih badé wonten (kedatengan) koemidi harmston.

Jèn kabar poenika mila njata, temen badé wonten èstoe, koela boten badé ngawon-awon oetawi natjad tradjangipoen Bestuur-ing pangrèh, pradja ing kita kasbat, anggènipoen badé karsa paring idi dateng tetingalan waoe. Ing ngriki namoeng gadah pemanah lan koewatos: poenapa badé wontening tetingalan waoe boten badé damel saja wewahing risakipoen economiening kawoela Indonesiers ing koekoeban kita ngrikoe?

Lan poenapa boten prajogi katoelak kasrantosaken béndjing taoen ngadjeng malih? Awit: tetingalan-tetingalan kepengker sampoen damel wedaling arta pinten-pinten èwoe, lang kanggé ndjagi sampoen mèh woelan December . . . kedah loenas!!!

Wataking kawoela Indonesiers katah ingkang remen (karem) dateng tetingalan, senadjan sampoen kerep ningali pisan. Terkadang jèn panoedjoe boten gadah arta, katah ingkang dipoenrèntjangi ambekta barangipoen dateng oom Jan (pegantosan) oetawi nabrak-nabrak moeroegi ngempih-empih pados samboetan dateng lintah darat, anakanipoen katah. Waton saged...... !! Ingkang mekaten poenapa boten prajogi kadjagi?

Kados ingkang sampoen kasbat wonten ing serat kabar kita si Tjantik manis Sw. T. ngriki (no. 10 tg. 8 Aug. 1930) sedèrèk: Soekatja metik saking de Koerier jèn Bestuur-ing pangrèh Ngajodja mentas noelak dateng panjoewoenipoen bangsa Tiong Hoa, anggènipoen badé ngadegaken pasar malem.

Dawoeh mekaten mila aos sanget — pantes ingalembana, ingajoebagija — pantes dados toeladaning Bestuur-ing pangrèh sanès panggènan — lan kita bravo, bravo saèstoe.

Badé damel saéning economienipoen kawoela Indonesiers, damel tentreming gesangipoen, damel indaking tata tentreming pradja poenapa malih damel soedaning moerid ingkang boten mlebet — *kedah katjegah dateng* kereping wonten tetingalan.

Sampoen semanten kémawon atoer koela, mindak eladjeng-ladjeng, lan moegi kawoeningana déning para ingkang wadjib saha Bestuur-ing pangrèh pradja ing Pw.

Aksamanta:

laré koementoes: poen:
PERCY BLAKENEY.

BODJONEGORO.

Correspondent kita ngabaraken:
Batjok-batjokan.

Wiwit woelan Sept. doemoeginipoen sapoenika ing grija sakit — wiwit woelan 1 Januari 1930 sampoen kaopper déning Zending — poenika loear biasa katahing tijang sakit, margi batjok-batjokan.

Tjobi para maos pandjenengan nggalih pijambak-pijambak, ing salebeting 2 minggoe sampoen wonten tijangipoen 25 ngan ingkang batjok-batjokan. Poenapa boten loear biasa? Ingkang katah tijangwaoe saking djadjahan Soka, Parengos lan Djatirogo. Saking bawah district Ngoempak Kalitidoe klebet mèh boten wonten, nanging inggih meksa wonten satoenggal kalih (mangka ingkang sampoen-sampoen klebet misoewoer).

Menggah prekawisipoen batjok-batjokan namoeng prakawis sipil-sipil kémawon, kadosta: badé neda gaplèk dateng sadèrèk, prakawis arta boten mingsra, prakawis samboetan ingkang boten mbedjadji, prakawis tijang èstri (poenika ingkang klebet radi ageng).

Oentoengipoen kok boten ngantos lami anggènipoen sami ngorok wonten ing kamar sakit; kita nginten margi saking sampoen katahing tetijang ingkang gadah tatoe baroe ingkang kénging dedamel, dados poenggawa ing grija sakit ladjeng sampoen paham dateng djampinipoen. Soekoer ta!! Mila ngantos katah para poenggawa ingkang dipoenontslag, oegi ngantos ingkang boten wonten lepatipoen kakatoetaken?? Poenapa pantjèn inggih makaten?? Hèhèh, mbok kagalih!!!

N. I. S.

Kita mireng kabar, bilih N. I. S. sapoenika medal actienipoen. Sampoen wiwit taoen 1927 ran, N. I. S. prasasat kamengsah déning bus-bus, boten namoeng ingkang mlampah dateng Sbg. kémawon, ingkang mengilèn dateng Tjepoe oegi mekaten. Ingkang poenika rèhning N. I. S. manah sanget ing roeginipoen djalaran bus-bus ingkang sami noengsoeng ing samargi-margi, mila ladjeng badé ngwontenaken sepoer tambahan dateng Sbg. wongsal-wangsoel. Bidalipoen dipoenseselaken saantawisipoen sepoer no. 508 lan 512, wangsoelipoen saantawisipoen sepoer no. 511 lan 517. Margi saking poenika N. I. S. sakinten badé saged njandet roeginipoen sawatawis.

Nanging kados-poendi sikepipoen bus-bus, kita dèrèng saged mirengaken; manawi wontening tambahan poenika dipoenanggit Concureeren kalijan bus-bus ingkang gadah kaboedidajan bus-bus temtoe boten badé poeroen kawon, ngwontenaken ada-ada malih? Kados-poendi mbéndjing dadosipoen?? Ingkang meksa panggah lan saged tambah risakipoen economienipoen sampoen kénging kita temtokaken i. p. para Soeta's lan Naja's ingkang boten sandé temtoe mindak wijar bolonganing kantongipoen, djer sang glinding boten poeroen kèndel, badé teroes ngglinding kémawon.

Tjobi para maos pandjenengan jektosi kémawon, mangka ènget lo! djamanipoen sampoen djaman maleseg boten namoeng malèsèt kémawon!!!

MANTJA NAGARI.

SEPANJOL. *Ébah-ébahan nglawan paréntah, ing Madrid.*

Pawartos saking Madrid tanggal 28 September, martosaken wonten tijang 20 èwoenan sami golongan republiek, nglempak wonten papan kanggé aben lemboe, sarta boten seneng kalijan keprabon Sepanjol.

Tilas minister golongan liberal, t. Alcala Zamora, nerangaken soepados nata Sepanjol lèrèh kémawon.

HINDOESTAN.

Poelisi mentas tjampoeh kalijan tetijang kaoem demonstranten wonten ing Nainital kala 27 Sept. Tijang ingkang pedjah satoenggal, tatoe 45. Katah poelisi ketaton. Golongan kebangsan oegi katah ingkang dipoentahan.

Ing Midnapore wonten golongan kabangsan 19 dipoenoekoem ngalih taoen, 10 ngenembelas woelan, satoenggal dipoenoekoem sataoen, lan wonten malih tiga nigang woelan, margi kalepatan damel gègèr lan ambentoeri poelisi wonten ing Khaira mawi séla.

Tijang ingkang dipoenloewari 14.

ROESLAN. *Pers.*

Serat kabar ing Roeslan angédabédabi.

Sadèrèngipoen perang donja, oplaagipoen sadaja serat kabar ing ngrikoe wonten 2.700.000 exemplaar. Sabakdanipoen perang tjatjah semanten poenika dados tikel ping 23 langkoeng. Lan semanten poenika badé saja inggil malih saoepami boten kekirangan kertas.

Ing kalanganing poenggawa pabrik kémawon serat kabar w-serat kabar gadah pambantoe saé-saé katahipoen 500.000. Ing doesoen-doesoen serat kabar poenika gadah pambantoe samlijoenan ingkang kapoerih ngintoenaken kabar-kabar.

Margi dagblad-dagblad boten saged toemoenten dateng wonten ing padoesoenan, saben doesoen ladjeng dipoenwonteni serat kabar minggon. Kadjawi poenika saben pakarjan ingkang toenggil damel, gadah koran pijambak.

Pangoewasaning serat kabar ing ngrikoe ageng sanget. Serat kabaripoen kaoem tani dipoenwaos tijang 1.750.000. S. k. *Prawda* ingkang maos 150.000, *Iswestia* 800.000.

Ing sa-Sovjet-Rusland gadah serat kabar padintenan 349 kaserat mawi basa 58 warni. Kadjawi poenika taksih wonten kala warti (tijdschriften) 357.

---

(1) Wewahan poenika kadjeng koela boten namoeng toemrap kadjèning para Chef; nanging oegi oemoeming prijantoen B. B. Makaten oegi tindakipoen Chef kados ingkang kinadjengaken ing Pemimpin P.P.B.B. boten namoeng ndajani para kalèrèhan, nanging oegi ndajani dateng kawoela oemoem.

H. Tjitra.